


# INZWI RE CHIRATIDZO

 Rambai makamira kwechinguvana muHupo hwaShe. Ngativerengei kubva muShoko raKe, muna Eksodho, chitsauko 4.

*... Mosesi akapindura akati, Asi, tarirai, havanganditendi, kana kuterera inzwi rangu: nokuti vachati, ISHE haana kuzviratidza kwauri.*

*Zvino ISHE akati kwaari, Chinyiko icho chiri muruoko rwako? ... akati, Itsvimbo.*

*Akati, Ikandire pasi. Akaikandira pasi, ikashanduka kuva nyoka; Mosesi akaitiza.*

*Zvino ISHE akati kuna Mosesi, Tambanudza ruoko rwako, uibate nemuswe. Iye akatambanudza ruoko rwake, akaibata, ikashanduka kuva tsvimbo muruoko rwake:*

*Kuti vatende kuti JEHOVHA Mwari wemadzibaba avo, Mwari waAbrahama, Mwari waIsaka, Mwari waJakobho, wakazviratidza kwauri.*

*Zvino JEHOVHA akati kwaari zvakare, Isa ruoko rwako muchifuva chako. Akaisa ruoko rwake muchifuva chake: zvino paakarubvisa, tarirai, rwakanga rwava nemaperembudzi sechando.*

*Akati, Isa ruoko rwako muchifuva zvakare. Iye akaisa ruoko rwake muchifuva zvakare; akarubvisa kubva muchifuva chake, zvino, tarirai, rwakanga rwashandurwazve senyama yake.*

*Zvino zvichaitika kuti, kana vakasakutenda, kana kuterera kuinzwi rechiratidzo chokutanga, kuti vachatenda inzwi rechiratidzo chechipiri.*

*Zvino zvichaitika kuti, kana iwe vakasakutenda, zviratidzo izvi zviviri, kana kuterera kuinzwi rako, kuti iwe uchatora mvura yomurwizi, uidururire pasi pakaoma: ipapo mvura yaunenge wachera kubva murwizi ichaita ropa pamusoro pe... nyika yakaoma.*

<sup>2</sup> Ngatikotamisei misoro yedu tinamate. Zvino kana uine chikumbiro, manheru ano, chaunoda kuti chizivikanwe naShe, chingosimudza maoko ako woti, “Ishe, ndirangarirei zvino. Ndine chandinoda.”

<sup>3</sup> Baba vedu veKudenga, tiri kuuya kwaMuri zvakare manheru ano, tichiona patakakotamisa misoro yedu takatarisa kuivhu kwatakabva, zvino, kana Mukanonoka, tichadzokera kuhuruva. Asi tiine tariro yakaropafadzwa yevimbiso iri munaKristu,

kuti avo vose vari munaMwari vachauya naKristu. Tino—tinoKutendai nevimbiso iyi inobwinya. Ndinonamata, Mwari, kuti Murangarire mumwe nemumwe wavo vasimudza maoko avo, nerwanguwo, Ishe.

<sup>4</sup> Ndiri kunamata, usiku huno, kuti mukupera kwenguva ino yokutenda, kuti Mupe vanhu kutenda kwakadai usiku huno, kwokuti Ishe Jesu ave wamazvirokwazvo kune mumwe nemumwe wedu, kuti pashaye munhu mumwe chete zvake ane utera pakati pedu mushure mehusiku huno. Dai mutadzi wese acherechedza kuti ari muHupo hwaIshe Jesu, otendeuka zvivi zvake, nokupa mwoyo wake kwaMuri, agozadzwa noMweya; munguva dzino dzokupedzisira dzakaipa, apo tichidziona sezimumvuri zihombe richifukidza nyika.

<sup>5</sup> Tinonamatira, Mwari, kutungamirira kwaMwari, husiku huno, pakutaura nokunzwa. Dai Mweya Mutsvene watora musangano uno zvino nokumedura Chingwa choUpenyu kune mumwe nomumwe wedu ane chaanotsvaka, nokuti takumbira izvi muZita raKe. Amen.

Garai henyu pasi.

<sup>6</sup> Ndinovimba kuti usiku huno tichabudirira kuita izvo zvatiri kuedza kuti vanhu vaone, cha—chamazvirokwazvo chokuva nokutenda munaMwari.

<sup>7</sup> Zvino, mangwana masikati na two-thirty, vose vane makadhi okunamatirwa vachazonamatirwa. Uye zvino kuti tive nechokwadi kuti hapana anodarikirwa, vasina makadhi okunamatirwa, husiku hwega-hwega tinopa makadhi okunamatirwa. Uye achapazve mamwe mangwana, panguva dzinenge...ndinofunga, nguva dzinenge one-thirty kana dzakadaro, musangano usati watanga. Uye vose vanoshuva kuti vanamatirwe, upi zvake wevadikanwi venyu, ngavauye vawane kadhi rokunamatirwa. Zvirokwazvo vacha—vachagamuchidzwa kadhi rokunamatirwa. Uye ticha . . .

<sup>8</sup> Ndichanamatira vanhu, ndichiisa mavoko pamusoro pavo nokuvanamatira. Zvino kana kutenda kwako kusingagoni kusimuka muHupo hwaIshe Jesu nokuMugamuchira somuporesi wako, uye uchitenda kuti kana tikakunamatira nokuisa maoko pamusoro pako, kuti izvozvo zvichabatsira, zvakangonaka, ndizvo zvatiri pano kuti tiite chose chaunoshuva.

<sup>9</sup> Chikonzero ndazvinonokera izvi, nguva refu, ndanga ndichiona kuti wose aigona kuuya, asvike agowana Mwari panheyo iyoyi. Uye hatina vakanyanya kuwanda. Pane... Imba ino haina kukura, saka hatina vanhu vakawanda. Uye tinogona kutora mangwana masikati kuti tinamatire vose varipo pano, tichitsaurira masikati kuitira izvozvo, zvokunamatira vanorwara.

<sup>10</sup> Uye tiri pano kuita zvose zvatinogona zvingabatsira kuti upenyu huite nani kwamuri, tirerutse mutoro, murwendo urwu rwatiri kufamba.

<sup>11</sup> Uyezve panguva ipi zvayo, apo munhu upi zvake anganzwa kuti—kuti anoda kuuya kuna Ishe Jesu, hazvinei kuti inguva ipi yeshumiro painenge ichienderera mberi, chitongouya ipapo. Usamirira kuzodanwa kuaritari. Usamirira panoitwa kokero. Huya ipapo chaipo, wogamuchira Kristu, uye wouya kuno woMupupura ipapo chaipo. Nokuti ndicho chinangwa chedu chikuru chokuva pano, chokuti mweya izvarwe ichipinda muHumambo hwaMwari.

<sup>12</sup> Uye zvino, mangwana iSvondo, mumachechi, munenge mune Sunday school. Chikwero tichiita shumiro dzedu masikati, eSvondo, kuitira kuti tisakanganisa kana shumiro ipi zvayo. Tinotenda kuti Mukristu wose anofanira kuva ne—nechechi yaanoti ndoyake kwaanoenda. Mukristu wose anofanira kuva napamwe paanosangana navatendi. Zvino pose pamunosangana, iyoyo ndiyo chechi.

<sup>13</sup> Zvino, dai ndaigara kuno, ndingadai ndiri imwe nhengo yeimwe yechechi idzi dziri kuno, idzo dzakamiririrwa, navafundisi ava vari pano, vari kutsigira. Nemhaka yei? Nokuti vakagara pano papuratifomu, kuti vanhu vose vavaone, kuti vanotsigira zviri kuitika pano. Vanotenda mushumiro yemhando iyi, kupodzwa naMwari, kuBhabhatidzwa noMweya Mutsvene, nezvakadaro. Vari pano kupupurira izvi. Ndivo vakandikoka kuti ndiuye pano, vachiitira kuti zvimwe shumiro yandakapiwa naShe ingabatsira ungangano yavo.

<sup>14</sup> Zvino ndiye mufundisi chaiye, uyo anotsvaga zvose zvaanogona kuwana zvingabatsira pamweya, pane izvo zvose Mwari zvaari kuita, achiedza nokugona kwake kwose kubatsira chechi kuti ifambe naMwari. Ndinobvisa nguwanu yangu ndichiyemura mufundisi akadaro.

<sup>15</sup> Uye varume ava vose vazviita mukumanikidzika, zvakare. Unogona kuzvitenda izvi kuti ichokwadi. Vatozviita izvi mukumanikidzika. Zvino ndi—ndinotenda nokuda kwevanhu vaMwari vakuru vakadai, vanoda kutora nzvimbo dzavo vari panzvimbo yavo yebasa sezvavanonzwa mumwoyo yavo, uye—uye vachitenda. Mwari ngaagare achingovaropafadza!

<sup>16</sup> Uye ndine chokwadi chokuti vachakuitirai zvakanaka. Zvino, kana uri muenzi pano, tsvaga kuti hama idzi chechi dzavo dziri kupi, kwadziri. Vashanyirei mangwana. Vanenge vaine masevhisi akatsaurwa, uye pane vashumiri pano vanenge vachitaura muchechi dzakasiyana-siyana, sekuzivisa kwaitwa. Saka ivai ikoko mangwana.

<sup>17</sup> Uye zvino mangwana masikati, kana muchida kuuya kusevhisi yokuvhara, tingafara zvirokwazvo kuva nemi. Machechi ose, masangano ose, ndeye munhu wese.

Munhu wose unochingamidzwa; muMethodisti, muBaptisti, muPresbhatariyani, muPentekosta, wechurch of Christ, wechurch of God, muKatorike, muJudha weOrthodox, asingatendi kuti kuna Mwari, chero zvipi zvaungadaro uri. Tiri...Makakokwa.

“Mati, ‘Neasingatendi kuti kuna Mwari?’” Hongu, changamire.

<sup>18</sup> Kana asingatendi kuti kuna Mwari akauya mushumiro akagara pasi akadzikama, anongogamuchirwa sokugamuchirwa kunoitwa mumwe munhu wose. Ndizvozvo. Chimwe chinhu, chatinomudira kuti ange ari pano, ndechokuti chimwe chinhu chingangoitwa chingazomubatsira kuti aone kukanganisa kwake, obva auya kunaShe. Nokuti isu...Zvamazvirokwazvo.

<sup>19</sup> Vangani vakamboverenga chiratidzo chiduku chakanyorwa mumagazini reChristian Business Men, uye ndinotenda mamwe mashoma mama-..., okuti, *Kutarisa Seri KweChidzitiro Chenguva?* Zvino ichi ichokwadi, shamwari. Haugoni kuti upotse izvi. Nda—ndakava munhu wakashanduka kubvira ipapo. Ndinoziva kuti ndezvamazvirokwazvo, saka ndi—ndi—ndinovimba kuti hapana kana mumwe wenyu achapotsa Denga guru iro Mwari akachengetera vatendi. Kana ukadaro, chii chaunenge wabudirira kuita panyika? Nokuti, hauzivi nguva yauchafanira kubva panyika ino. Asi unoziva chinhu chimwe chete, chokuti ichokwadi uchatoisiya. Saka ichi kana chiri chokwadi, tinenge tisiri mapenzi makurusa here kana tikaedza ku—kungo...Hatigoni zvachose kuti titi pamwe zvingangoita. Munoono, ingorangarirai, tendai Shoko raMwari nevimbiso yose iri maRiri.

<sup>20</sup> Imbofungai, chii chakakonzero chirwere chose, kurwadziwa nomwoyo kwose, rufu rwose, dambudziko rose, kusuwa kwose, mwana mudiki uyu anogwinha-gwinha, zvinhu zvose izvi, zvirema, mapofu, chipatara chose kuti chivakwe? Nokuti munhu mumwe wakarega kutenda chikamu chiduku-duku cheShoko. Waiva Evha. Satani wakangorifukidzira kwaari. Haana kuridzokorora kwaari, asi wakarifukidzira ndokupa uyu mudzimai, akati, “Zvirokwazvo...Ishe wakanyanyisa kunaka.”

<sup>21</sup> Munonzwa zvakananda pamusoro pazvo nhasi, zvaMwari kuti ndiMwari wakanaka. NdiMwari wakanaka, asi rangarirai kuti Iye ndiMwari woutsvene, Mwari asingagoni kupembedza chivi. Mubhadharo wacho wakatobhadharwa, zvino iwe unofanira kuugamuchira semapiro aKe. Uye rangarirai, Iye ndiMwari wehasha, Mwari wokutsamwa. Uye iwe uchazomira pamberi paMwari ane hasha, kwete Mwari wokunaka bedzi netsitsi. Usiku huno Iye Muponesi wako; paZuva iro Achange ari Mutongi wako.

<sup>22</sup> Saka iva nechokwadi kuti hauna chinhu chimwe chete chaunosiya chisina kuitwa, shamwari. Ha—hazvizo...

Hazvibhadhari. Usa—usangouya pazviri chiuve-uye. Iva nechokwadi, chokwadi chakapetwa kaviri, nokuti hauzowani mumwe mukana zvakare. Uno ndiwo mukana wako bedzi, uchiri panyika pano.

<sup>23</sup> Rangarirai mupfumi naRazaro, pakanga paine mukaha mukuru pakati pak naIye, uyo usina munhu ati ambouyambuka, uye usina achazouyambuka. Maona? Pauno—paunofa, ndipo pazvinoperera. Ndinoziva vanhu vanoti vanogona kukunamatira iwe wobviswa kunzvimbo idzodzo, asi usambofa wakatenda izvozvo. Zvinopesana neShoko raMwari. Maona? “Kwakarerekerera muti, ndiko kwaunowira.” Uye Jesu akataura, pachaKe, kuti, “Pakanga pane mukaha, wokuti, kana munhu achinge afa akaenda kugehena, haaigona (haaizombogona) kuuya kuDenga. Hapana munhu akambouyambuka, uye hapana achazombouyambuka.” Ndipo pazvinotoperera, sekuziva kwangu. Jesu paakati zvaiva saizvozvo, ndizvo zvose.

<sup>24</sup> Saka ingorangarira, iye zvino ndiwo mukana wako, uye usiku huno ndiwo unogona kuva mukana wako wokupedzisira.

<sup>25</sup> Munganzwisawo here zviri kuitika izvozvi? Kana mukangokwanisa kuzviona bedzi! Ndinotarisisira kuti hamufungi kuti ndichitaura sezvizvi, ndiri kuedza kukuruzirai kuti mutarise pane mumwe munhu, kana kutenda mumwe munhu. Handisi kuita izvozvo, shamwari. Ndiri kuedza kukuitai kuti mutende muna Iye watiri muHupo hwake izvozvi. Jesu Kristu, Mwari chaiye achazokutonga paZuva iroro, ari pano achiZviratidza muhupo hwako, icho chinhu chaicho chaAkavimbisa kuti Achaita mumazuva ano okupedzisira.

<sup>26</sup> Ndinofunga Hama Price, mangwanani ano pakudya kwamangwanani, vapa tsananguro yakanaka yokusvika pakona, wozobva wakona kona iyoyo. Manakirwa nazvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvirokwazvo zvadaro. Zvanyatsoiswa panzvimbo, zvakanakisisa.

<sup>27</sup> Zvino, saka rangarirai, dzimwe nguva pakona, asi ngatirangarirei kuti tinofanira kukona pakona idzodzi. Ndakaparidza nezvazvo, imwe nguva, ndikaiti, *Mharadzano*. Tinosvika pamharadzano, kazhinji, tinofanira kuenda nenzira *iyi* nokupota nenzira dzakasiyana-siyana.

<sup>28</sup> Zvino usiku huno, kwamaminitsi mashoma anotevera, ndinoda kutora musoro wenyaya wokuti—wokuti: *Inzwi Re Chiratidzo*. Uye zvino chitiko chedu chinotanga, husiku huno, muBhuku raEksodho, uye *eksodho* zvinoreva “kubuda; kubuditswa.” Zvino edzai kutereresana nepamunokwanisa.

<sup>29</sup> Ndichada kuzokuparidzirai pane imwe nguva, muri ungoro yakaisvonaka, asi handichina inzwi. Rikangoti remerwei ipapa, ndinoziva zvarinozova. Ndinofanira kumbozorora kwenguva shoma zvino, kwamazuva masere kana gumi, ndisati ndatanga musangano unotevera. Munoono, haisi sevhisu ino bedzi.

Isevhisu, zuva nezuva, vhiki nevhiki, mwedzi nomwedzi, gore negore, munoonu, uye munogona kufungidzira zvazvinoreva.

<sup>30</sup> Zvino fungai pamusoro penguva dzose, gore negore, hapana kana nguva imwe chete zvayo paAkambotaura chimwe chinhu kunze kwechokwadi chaicho, chakanyatsonanga; mundimi dzose, kutenderera pasi pose, kanomwe. Maona? Hakuna kana munhu, kwese zvako, kunze kweuyo anoti ndizvo chaizvo, zvakanyatsonanga, nguva dzose. Kana Atura kuti chimwe chinhu chichaitika, chaingoitika nenzira iyoyo chaiyo. Aizvitura kwemavhiki nemwedzi, nemakore, kunyange, zvisati zvatomboitika, uye nguva dzose zvaitika nemazvo. Hazvina kana nguva imwe chete yazvakakundika, uye hazvizombodaro, nokuti ndiMwari. Zvino, ini ndinogona kukundika, somunhu. Musanditarisa somuenzaniso, nokuti nda—ndakangofanana nemi, mutadzi akangoponeswa nyenya. Asi uyo ndiMwari, womweya, maona, achiZviratidza. Haasungirwe kuti adaro, asi Akavimbisa kuti Achazoviita.

<sup>31</sup> Jesu wakapodza kuitira kuti zvizadzise Shoko. Akaita zvinhu izvozvo kuitira kuti Shoko raMwari rizadziswe.

<sup>32</sup> Ndizvo zvaAri kuzviitira nhasi, kuitira kuti Shoko rizadziswe, iro randakakutaurirai, husiku hwoga-hwoga.

<sup>33</sup> Zvino cherechedzai apo Hupo hwaKe huri pedyo, Ihwo, zvirokwazvo Hunounza manyawi. Sezvandataura mangwanani ano, “Chese chisina manyawi chakafa.” Uye chinamato chose chisina manyawi pachiri, zviri nane uchivige, chakafa. Hunounza manyawi. Iye anotimutsa. Asi kana tamutswa, ngatirangarirei Chatimutsa. Chii chakazviita? Hupo hwoMweya Mutsvene, Jesu Kristu ari pakati pedu, Achizviratidza kuti Iye mupenyu. Kwete mumutumbi wake chaiwo; panguva iyo, mutumbi chaiwo paunodzoka kubva Kudenga, nguva inobva yapera. Ndizvozvo zvose. Uye tinoziva kuti tirimo, tiri kurarama mumazuva okupedzisira, apo zvinhu izvi zvinofanira kuitika.

Zvino, Mwari wakatombova nemaeksodho kumashure uko. Pane. . .

<sup>34</sup> Zvinhu zvose zvinofamba zviri zvitatu, pana Mwari. Mwari anokwaniswa muhutatu. Kuuya kwaKristu kwokutanga, *kuzodzikinura* Mwenga waKe; kuuya kwaKristu kwechipiri, *kuzogamuchira* Mwenga waKe; kuuya kwaKristu kwechitatu, *aine* Mwenga waKe, kuzotonga muMireniyamu. Zvose zvinofamba zviri zvitatu.

<sup>35</sup> Zvino, pakambova, pachava, nokubuda kutatu. Kumwe kwacho, Mwari wakavauyisa *muareka*, kuti vabude, vakakwira pamusoro penyika. Nguva inotevera, Mwari wakavabudisa *kubva* mu—muEgipita. Uye nguva yakatevera, Mwari anovatora wovaisa *mudenga*. Kupinda, kubuda, kukwira! Kubuda kunotevera kuchange kuri kuenda kudenga. Takatarisana nokumwe zvino, nguva yokuenda kudenga.

<sup>36</sup> Ndizvo zvinoita hupenyu zvimwe chete izvozvo. Tinopinda muhupenyu, *tinobuda* kubva muhupenyu, *tinomuka* kuhupenyu, chinhu chimwe chete chaicho. Saizvozvo tino . . .

<sup>37</sup> Chiitiko chedu chinotangira husiku huno pakubuda, uye Mwari wanga agadzirira kutora rudzi rwaKe.

<sup>38</sup> Israeri rudzi. Mwari haashandi neIsraeri sedungamunhu. Israeri rudzi, anogara achingoshanda navo. Uye mumazuva okupedzisira, mushure mo—mokuenda kwechechi, ipapo Mwari uchaponesa Israeri sorudzi. Yatova munyika yayo yechipikirwa zvino, yatogadzirira izvozvo. Uye vachaponeswa, sezvinoreva Bhaibheri, “Rudzi ruchazvarwa nezuva rimwe chete.” Mwari haashandi nevaJudha sedungamunhu. Anoshanda navo serudzi, Israeri, nguva dzose, nokuti rudzi rwaKe.

<sup>39</sup> Zvino pano Ari kugadzirira kubuditsa rudzi rwaKe kubva mune rumwe rudzi, mukubuda, ari kubudisa vanhu vaKe kubva mukutongwa.

<sup>40</sup> Zvino mvura chaidzo dzakanyin’udza pasi rose, dzakaponesa Nowa. Maona? Uye Mweya Mutsvene mumwe chete, uyo uri kurambwa nevanhu nhasi, uchagamuchira Chechi woltora yokwira kumusoro, uye wounza kutongwa nemhaka yekusaUtenda. Jesu akadaro.

<sup>41</sup> PavakaMudana kuti, “Bherizebhabhu,” nemamwe mashoko, “Aiva muvuki.” Vaka . . .

<sup>42</sup> Akati, “Ndinokuregerera i pana izvozvo,” Mwanakomana womunhu. Chipiriso chakange chisati chaitwa. “Asi kana Mweya Mutsvene wauya kuzoitira chinhu chimwe chetecho, shoko rimwe rinopesana naWo harizombofi rakaregererwa munyika ino kana munyika inouya.” Unofanira kurambwa, kutonga kobva kwarova shure kwaizvozvo. Maona, dambudziko nderekuti isu . . .

<sup>43</sup> Zvinondifungisa imwe nyaya yandakamboverenga imwe nguva, yemutyairi wechikepe akanga akwegura achibva mugungwa, ne—nemudetembi weChirungu wechidiki akanga achienda kugungwa. Zvino mudetembi uyu wakanga anyora zvakanwanda pamusoro pegungwa, asi akanga asati amboriona, saka akanga ari munzira kuendako. Zvino mutana uyu akati kwaari, nechikwepa chake mumuromo make, akati, “Uri kuendepi, mujaya wangu wakanaka?”

<sup>44</sup> Akati, “Ndiri kudzika kugungwa.” Akati, “Handisati ndamboriona. Ndakanyora pamusoro paro, nezvaitaurwa nevamwe, asi,” akati, “o, ndiri kufara zvikuru kuti ndava kusvika pedyo negungwa.” Akati, “O, kunhuhwidza mvura dzayo dzine munyu! Kuona masaisai aro makuru, achiputika pamusoro paro, uye matenga eblue achionekwa mariri, nokunzwa shiri dzomugungwa dzichibhururuka napamusoro paro, o, ndiri kunzwa kufara zvakananyanya pandiri kufunga kuti ndichariona!”

45 Mutana uyu wakati, “Ndakazvarirwa mariri, makore makumi matanhatu apfuura, handioni chakanyanyonaka pariri.” Maona, akanga aona zvakanyanya kusvikira akanga ari jaira.

46 Zvino ndiro dambudziko rine chechi yechi Pentekosta nhasi. Yaona Mwari zvakanyanya, kusvikira yajairira Mwari. Usamboirega ichiita izvozvo!

47 Pano nguva shoma yapfuura, muLouisville, Kentucky. Kwandinobva, Jeffersonville, Indiana, iri mhiri kwerwizi kubva ikoko. Mumwe mudzimai akapinda muchitoro chemukambo. Zvino iye (aive) akanga akatakura kakomana kaduku paruoko rwake, akange achienda kumakaunda zvino ave kutanga kusagadzikana. Wainhonga chimwe chinhu, ochiratidza kukakomana kaduku aka; iko kaingoramba kakagara kakatarisa kuti ndee. Aizoenda kune imwe kaunda, onhonga chimwe chinhu oratidza aka kamukomana kaduku; kaingoramba kakatarisa kuti ndee. Mushure mechinguva, mudzimai akanonga bhero duku ndokutanga kuriridza, kamukomana aka ndokuramba kakangotarisa. Mudzimai akatanga kuridza mhere, akasimudza maoko ake mudenga. Zvino vanhu vaiva muchitoro chemukambo vakanga vakangomutarisa, nokudaro vakaenda kwaave kuti vaone changa chanetsa.

48 Mudzimai ndokuti, “Ndine... Mwanakomana wangu muduku uyu,” ndokuti, “ane makore matatu bedzi okuberekwa.” Uye ndokuti, “Ini... Kamwe-kamwe, nguva inenge gore yapfuura, wakatanga kungogara pasi nokuramba akatarisa mudenga.” Uye ndokuti, “Nda—ndakaenda naye kuna chiremba,” ndokuti, “chiremba ndokumunyorerera mimwe mishonga yokurapa nezvakadaro.” Uye akati, “Uye chiremba wandiudza, nhasi, kuti anofunga kuti mukomana wava kunzwa zviri nane. Asi,” ndokuti, “haasati ava zviri nane.” Akati, “Ndazunza zvinhu zvose pamberi pake, zvinofanira kukwezva meso emukomana muduku wezera rake, kuti atarise. Chose chingabata meso emwana muduku wezera rake, ndakachizunza pamberi pake, asi iye anongogara pasi akangotarisa mudenga.” Akati, “Haasati ambova nani.”

49 Ndizvo zvakafanana nechechi yePentekosta. Mwari wakazunza chipo chese, chiri muBhaibheri, pamberi pavo, asi vanongogara vakatarisa mudenga, kuita sepene chimwe chinhu chakakanganisika. Yava nguva iyo tinofanira kumuka, shamwari, nguva isati yapera. Rangarirai, Mwari haangazunzi zvipo izvo kunze kwokunge bedzi Ari kuedza kukwezva meso ako.

Mwari wakanga achiburitsa rudzi kubva mune rumwe rudzi.

50 SezvaAri kungoita izvozvi, ari kuzoburitsa Mwenga kubva muChechi, achisiya vakasara vembeu yomudzimai.



Vasanangurwa vachaburitswa muchechi. Chechi yepanyama ichagara pano nemunguva yamatambudziko. *Vasanangurwa* pane dzimwe nguva anonzi “vakasarudzwa, vasanangurwa, vakasara.”

<sup>51</sup> Ngatitarisei maitiro aAkazviita panguva iyoyo, nokuti haAshanduki pamaitiro aKe okuita zvinhu. Mwari une nzira imwe chete yokuita nayo zvinhu, uye ndiwo maitiro aKe aanozviita, uye ndiyo nzira yakarurama, nguva dzose. Munoono maitiro aAkazviita nawo, nenzira yaAkazviita nayo, zvino ipapo tinobva taona zvishoma zvazvo.

<sup>52</sup> Zvino, ndiri muparidzi anoshandisa mifananidzo nemimvuri, zvechokwadi. Handina dzidzo. Ndinotatarisa kumashure ndoona zvaAkamboita. Uye tinodzidziswa kuti, “Testamente Yekare waiva mumvuri wezvinhu zvichauya.” Saka kana ndaitarisa apa ini ndisina kumbobvira ndakaona ruvoko rwangu, ndoona mumvuri woruvoko rwangu, kuti ndine minwe mishanu, ndaigona kuzova neruzivo rwakanaka panosvika ruoko rwangu apa, kuti ndine minwe mishanu. Saka zvakaitika kwavari yaive mienzaniso yemaitiro ayo Mwari anoita zvinhu, nzira yaAnoita nayo nhasi.

<sup>53</sup> Uye nzira yaAnoita nayo, haAshanduki kubva pairi. Nguva dzose, muBhaibheri, haAshanduri nzira yaKe yaanoita nayo zvinhu. Anoramba akangodaro, nokuti nzira yaKe yokutanga yaanozviita nayo inzira yakakwana. Nokuti, Anenge asina imwe nzira zvakare, nokuti Iye wakakwana, uye, Iye, nzira dzaKe dzose dzakakwana. Tarisai maitire aAkazviita.

<sup>54</sup> Mosesi wakadanwa nokufanotemerwa kuti atore basa raaifanira, raaka—raakazitora. Mwari. . .

<sup>55</sup> Zvino, ndinofunga, kana mukandiregerera. . . Handisi kungotaura zvisina basa. Ndiri kungoti, papuratifomu ino, ha—handina chandinoziva uye hapana chandinoda kuziva kunze kwaMwari. Zvino, apa ndipo pandinofunga kuti hama dzedu dzeLatter Rain dzakavhiringika, maona, vanoisana mavoko pamusoro vovaita vaporofita nevakadaro. Zvino, izvo hazvisi muMagwaro. “Zvipo nokudanwa hazvinei nokutendeuka.” Wakazvarwa uri zvauri. Uri, pakutanga, zvauri izvozvo.

<sup>56</sup> Tarisai vaFarisei mumazuva apfuura ayo. Vaingova nechiedza chiduku, nokuti vaikwanisa. . . vaive nemurairo, uye vairarama nomurairo, asi pakadzika mumwoyo yavo makanga makasviba zvokusviba zviya.

<sup>57</sup> Zvino pakanga pane mudzimai muduku, chipfeve, hwake hwa. . . hupenyu hwaakararama kumashure *uko* hwakanga hwakasviba zvokusviba zviya, waiva nembiri yakaipa, asi pakadzika mumwoyo make wakanga akatemerwa kuHupenyu.

<sup>58</sup> Zvino apo Jesu, Shoko, paakauyapo, vaFarisei vaya vakati, “Murume uyu ndiBherizebhabhu.” Chii chazvakaita? Zvakadzima chiedza chishoma chavaiva nacho.

59 Jesu wakati, “Muri vababa venyu, dhiyabhorosi, uye mabasa ake munoaita.”

60 Asi pakauya mudzimai muduku uyu, ane hunhu hwakaipa, ndokuona Shoko raMwari, akaRiziva. Wakanga asingaRirarami, asi waiRiziva. Uye paRakangotaura naye, wakati, “Ndinoona kuti Muri Muporofita.” Zvino Iye...Mudzimai akati, “Ndinoziva kuti Mhesiya uchaita izvi.”

Zvino Iye ndokuti, “Ndini Iye.”

61 Chii chazvakaita? Zvakasuka kusviba kwose ndokusiya machena. Nemhaka yei? Makanga muine mbeu yaivamo, mbeu yakatemerwa yakanga iri mu...Yaiva pfungwa yaMwari nyika isati yavambwa.

62 Pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi. Kana uine Hupenyu Husingaperi, saka iwe pachako waiva mupfungwa dzaMwari nyika isati yasikwa. Uri chikamu chekufunga kwaKe, nokuti Ziendanakuenda harina mavambo uye harifi rakaguma. Uri chikamu chehupfumi hwaMwari, nguva dzose. Kungoratidza. Zvavakuitika zvino. Vane mumwe mufanakiso unofanira kubuditswa, ndirwo rufu, ipapo negetivhi inozova mufanakiso chaiwo, zvararo wava muMwenga uye pamwe naKristu, samafungiro aAkakuita. Somurume nomukadzi wake, nhasi, saizvozvo (Mwari) Kristu neChechi vachava chinhu chimwe chete. Zvino, vasanangurwa, vakadanwa!

Mosesi wakazvarwa, “ari mwana chaiye.” Bhaibheri rakadaro.

63 Mumwe wavaporofita, Jeremiya. Mwari wakati, “Usati watombombwa mumimba yamai vako, ndakakugadza kuti uve muporofita wenyika.”

64 Johane muBhabhatidzi, nekuda kwei, wakaraidzwa muMagwaro. Isaya, makore mazana manomwe negumi nemaviri asati auya, akati, “Ndiye inzwi reunodana murenje, ‘Gadzirai nzira yaShe!’” Uye makore anenge mazana mana asati Aonekwa, zvakare tinoona, Maraki akati, “Tarirai Ndinotumira mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti agadzire nzira pamberi paShe.”

65 Maona, wakanga akafanogadzwa. Uye ndizvo zvakaita shumiro dzose dzaMwari, kana dzakadanwa naMwari.

66 Kana vakapinzwa mazviri nedzidzo, ihuni dzemabhomba, munoona, hazvikwanisi kuva chimwe chinhu. Kana riri tikiti rokuwanisa zvokudya, zvararo wobva watengesa hudangwe hwako nokuda kwetikiti rokuwanisa zvokudya, unorerutsa kuti uende nesangano kana rimwe boka. Asi kana zviru zvaMwari, unomira neShoko iroro, zvisinei, nokuti wakazvarwa kuti umire naro.

<sup>67</sup> Mosesi, hapana mumwe waikwanisa kutora nzvimbo yake. Hapana mumwe waikwanisa kuita basa iroro. Wakanga akagadzwa kuti ariite.

<sup>68</sup> Zvino, hama, hanzvadzi, kana uine Hupenyu Husingaperi, wakagadzwa kuti uite chimwe chinhu. Pamwe mudzimai wemba akanaka, pamwe zvimwewo, asi hapana anokwanisa kutora nzvimbo yako. Mwari akakugadzirira nzvimbo. Usaedza kutora nzvimbo yemumwe munhu. Kutevedzera kwepanyama, maona, zvinoratidza kuti pane zvakakanganisika pauri. Iva zvauri, chaizvoizvo. Usava zvimwe zvausiri.

<sup>69</sup> Zvino, zvino tinoona kuti Mwari wakapa Mosesi zviratidzo kuti aratidze zvaaipupura uye kudanwa kwake.

<sup>70</sup> Uye chiratidzo choga-choga chechokwadi, chiratidzo choga-choga chechokwadi, chakabva kuna Mwari, chi . . . chine inzwi shure kwacho. Zvino musakundika. Ichi ndicho chidzidzo changu chokupedzisira pane izvi, munoona. Chiratidzo choga-choga chechokwadi . . . Zvino tine zviratidzo zvisingabvi kuna Mwari; Satani anogona kutevedzera chese chiripo. Asi chiratidzo chechokwadi, chakabva kuna Mwari, chine inzwi raMwari shure kwacho.

<sup>71</sup> Mwari wakati kuna Mosesi, “Kana vakasatenda inzwi rechiratidzo chokutanga, zvino ita chimwe chiratidzo ichi pamberi pavo. Zvino kana vakasanzwa izvozvo, ingotora mvura woidira pasi.” Zvino chakanga chiri chiratidzo chokuti vachany’atiswa muropa ravo.

<sup>72</sup> Cherechedzai, zvimwe chete sezvaAkati, “Zunzai huruva kubva patsoka dzenyu. Zvichange zvakarerukira Sodhoma neGomora, pazuva iro, pane zvazvichava kuguta iro rinokurambai.”

<sup>73</sup> Zvino hatisi kuedzesera Chechi. Ino iChechi. Kristu ndiye Chechi. Tiri muna Kristu. Mutumbi wepamweya waKristu, tinozvarirwa maUri. Haukwanise kuUjoinha.

<sup>74</sup> Ndagara nemhuri yokwaBranham makore anokarosvika makumi mashanu namashanu, uye havana kumbondikumbira kuti ndijoinhe mhuri iyi. Ndakazvarwa ndiri wekwaBranham.

<sup>75</sup> Uye ndiyo nzira yaunova Mukristu nayo. Unozvarwa uri Mukristu, haujoinhiswe mairi. Unozvarirwa mairi. Munhu wose anotya kuzvarwa. Vane nzira yakanaka yakachena yokutora karuvoko kadiki, kana yokusaina kakadhi kadiki, kana kuti mudziyo wekurungisa munyu wakaiswa mvura. Hokusiko kuzvarwa. Kuzvarwa chinhu chinonyangadza. Kuzvarwa chi—chinhu chinosemesa. Handina basa kuti kwaitirwa mudanga renguruve, kana mu—kana mudanga rezvipfuwo, kana muimba yakashongedzwa nepinki yomuchipatara; kuzvarwa kune tsvina, uye kunokusiya iwe wakasvibiswa. Haudi kusiya, haudi *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*, asi misodzi inosuka pendi kubva pachiso chako zvokuita munhu akasiyana. Kana wakazvarwa patsva,

unosara wasvibiswa, asi unobuda imomo wava chisikwa chitsva. Maona? Izvozvo havazvidi. Vanoda imwe nzira iri nyore, munoziva, asi hapana nzira dziri nyore. Sorwiyo, rwaakati, “Ndichafamba nenzira pamwe nevanoshorwa vashoma vaShe.” Haadi kuti uve mbeu yamasanganiswa.

Chiratidzo chose chechokwadi chaMwari chinoteverwa nenzwi raMwari.

<sup>76</sup> Zvino kana munhu akapa chiratidzo munyika, kana nguva ipi zvayo, zvino inzwi raanotaura kumashure kwacho kana risiri Shoko raMwari, zvino richenjererei, musaritenda. Kana mune chimwe chikoro chakare, kana pakasimuka munhu akati, akararatidza chiratidzo kubva kuna Mwari, uyezve murume yu odzidzisa zvedzidzo yeBhaibheri yagara iriko makore ose aya, Mwari haana kumbotuma chiratidzo ichocho. Tarisai muMagwaro muone kuti zvakanga zvakadaro here. Nzverai Magwaro. Munhu uyo odzoka, oti, “Zvino tinoda tose kujoinha izvi. Izvi ndizvo zvagara zviripo kubvira kare.” Musazvitenda izvozvo. Tichapinda mazviri izvozvo, mumaminitisi mashoma ari kutevera, munoona. Kwete, musazvitenda izvozvo.

<sup>77</sup> Mwari anogara nguva dzose achisimbisa zviratidzo zvaKe. Chiratidzo chinobva kuna Mwari nguva dzose chinotaura inzwi raMwari.

<sup>78</sup> Zvino kana chiri chikoro chimwe chete chekare chamagara muinacho, ko Iye ungagopirei chiratidzo, imi mutori mukati macho? Ari kuedza kukusvitsai mukona iyo. Chiratidzo chokuti mira! Chifamba zvishoma zvishoma! Tarisa kwauri kuenda! Unokudubuka pakona kana ukasachenjerera. Pane kona yakaipisisa, nguva dzose pane chiratidzo ipapo usati wapfuura nepane kona iyi, kuitira kuti usaita tsaona. Vanogona kugadzira migwagwa vanoisa zviratidzo. Zvino tiri kufamba nomugwagwa unoenda muKubwinya. Uye kana chiratidzo chikataura zvinhu zvekare zvagara zviripo, hachina kubva kuna Mwari.

<sup>79</sup> Mwari anopa zviratidzo kuti akwezve meso evanhu vaKe. Zviratidzo zviripo kuti zvibate meso evanhu vaMwari, ndizvo zvinoitirwa zviratidzo zvaMwari. Zviratidzo zvaMwari zvinopiwa kuti zvibate meso evanhu vaMwari.

<sup>80</sup> Zvino pano gwenzi raipfuta ndiro raiva chiratidzo chokukwezva meso emuporofita, kuedza, nokuti muporofita wakanga atiza kubva kuna Mwari, zvino Mwari akapa gwenzi raipfuta sechiratidzo. Ndokubva aona chiratidzo ichi chisinganzwisiki; iye ndokuti, “Ndichatsaukira kuti ndione kuti chii ichi chiratidzo chisinganzwisiki, chokuti gwe—gwenzi riri kupfuta asi risingatsvi.” Zvino apa Mwari wakanga achikwezva meso emuporofita waKe akanga atiza. Angadai akawana mumwe, asi wakagadza Mosesi kuti agoita basa iroto uye hapana mumwezve aizatora nzvimbo yake.

<sup>81</sup> Murwendo urwu, mamwe machinda akaedza kuriita, munozviziva. Dhatani akasimuka ndokuedza kuumba sangano kubva kwariri. Mwari ndokuudza Mosesi, “Zvipatsanure. Ndichangovamedza.” Maona?

<sup>82</sup> Mwari anoshanda nemunhu mumwe. Maona? Zvino cherechedzai izvi, Wakanga achiedza kukwezva meso emuporofita, kuti muporofita apinde munzvimbo yake chaiyo, munoono, ndipo paAkapa chiratidzo chegwenzi raipfuta.

<sup>83</sup> Zvino, tarisisai, inzwi rakatevera chiratidzo raiva inzwi reMagwaro. “Ndanzwa kuchema kwevanhu vaNgu, nekugomera kwavo, nokuda kwavatariri vavo vanovashandisa, zvino ndarangerira vimbiso yaNgu.” Ameni. Zvatopera. “Ndarangerira vimbiso.” Rakanga riri Inzwi raMagwaro. “Zvino ndava kukutuma zasi ikoko. Ndaburuka kuti ndizovadzikinura, zvino ndiri kukutuma iwe.”

<sup>84</sup> Rangarirai, Mwari haana chaanoita pasina munhu. Munozviziva here? Ndizvo zvinogumbusa vanhu. Maona?

<sup>85</sup> Ndizvo zvakavagumbusa pamusoro paJesu. Vakati, “Uri Munhu, ari kuzviita Mwari.” Wakanga ari Mwari, asi havana kugona kuzvinzwisisa. “Nhandi, Iwe, unongova Munhu.”

<sup>86</sup> Akati, “Zvakanaka, munodana vaporofita kuti, ‘vanamwari,’ uye murairo wenyu uchizvitsigira. Zvino kana muchivati ‘vanamwari,’ avo Shoko raMwari kwarinouya, ko mungandiwanira mhosva seiko Ini kana Ndikati Ndiri Mwanakomana waMwari?”

<sup>87</sup> Munoono, zviratidzo, ndezvekukwezva meso. Uye, rangarirai, kana maziso akwezvwa, zvikaramba zviri zvamazuva ose, haasi Mwari.

<sup>88</sup> Asi Mwari ari kuedza zvino kuti muporofita aone, Ndokumupa chiratidzo, uye inzwi rakatevera chiratidzo rakanga riri inzwi raMagwaro. “Ndaona vanhu. Ndanzwa kuchema kwavo. Ndarangerira vimbiso yaNgu.”

<sup>89</sup> Zvino Mwari wava kuzotaura neShoko raKe revimbiso. Anofanira kutuma muporofita waKe, nokuti Shoko rinouya kumuporofita. Bhaibheri rakati, Mwari wakataura, pachaKe, kuti, “Haana chaanoita kusvikira atanga Achizarura kuvaranda vaKe vaporofita.” Maona? Zvino chiratidzo chinobva chazopiwa, uye Gwaro roratidzwa, ndiro Inzwi rechiratidzo.

<sup>90</sup> Maona Inzwi rechiratidzo, chaMosesi? Chokutanga, chiratidzo chaiva gwenzi raipfuta; Inzwi rakanga riri Gwaro.

<sup>91</sup> Mosesi wakatora ichocho sechiratidzo chaKe, ndokubva aenda kuEgipita ndokunoita chiratidzo chaakanga audzwa naMwari; uye chiratidzo chaiva nenzwi racho, zvino vanhu vakatenda ndokubva vabuda. Uye nguva yose pavaingofamba bedzi, vaiita zvakana; asi pavakatanga kunyunyutira inzwi, ipapo vakabva vamira.

<sup>92</sup> Rangarirai, Israeri yakafamba rwendo. Munoziva here kuti vakanga vafamba kusvika papi? Vangadai... Vaingova nemamaira makumi mana bedzi, ivo ndokuita makore makumi mana kupafamba. Nemhaka yei? Nokuti vakatanga kunyunyutira inzwi rakanga rauisa chiratidzo. Havana kuziva, kuti pavaidanidzira zasi uko pamahombekombe, pamwe nokutamba muMweya, uye Mosesi achiimba muMweya, vakanga vangosarirwa nemazuva mashoma bedzi okusvika. Asi vakatanga kunyunyuta, vachida kuita zvimwe zvakasiyana; zvino vakagara murenje makore makumi mana, ndokufira izvozvo, ndizvozvo, nokuti vakanga vasingatendi. Mwari wakati, “Havasi kupikisana newe, Mosesi. Vari kupikisana neNi.” Iroto rakanga riri inzwi raMwari, kwete raMosesi.

<sup>93</sup> Zvino tarisai, Jehovha wava kuzotaura neShoko raKe revimbiso, saka Anofanira kutuma vaporofita vaKe. Kutu, kana muchida kuzviona, zviru muna Genesis 15:16. Tinoona kuti Mwari akaudza Abrahamu, “Mbeu yako ichagara munyika ino youtorwa, uye ndichazovabuditsa noruvoko rukuru rwesimba. Kusarurama kwavaAmori hakusati kwazadziswa.” Vimbiso dzaKe dzose dzaAkapa, pano Wava kukwezva meso emuporofita, negwenzi raipfuta.

<sup>94</sup> Zvino dai gwenzi raipfuta rakati, “Mosesi, Mwari ndiMwari.”

“Hongu, ndinozvutenda izvozvo.”

<sup>95</sup> “O, uri kuita zvakanaka, Mosesi, ramba wakadaro. Wakaroora mudzimai akanaka; mudzimai uyu mwana ane chiso chakanaka. Zvirokwazvo une mwanakomana akanaka! Mwari ngaarumbidzwe!” Ndiwo maitiro mamwe chetewo akare. Maona?

<sup>96</sup> Asi Anga agadzirira kuita chimwe chinhu, saka Akatozokwezva meso emurume uyu. Zvino Akapa murume uyu zviratidzo zviriviri zvekundoita, ndokuti, “Chiratidzo chimwe nechimwe chaive neinzwi.” Zvinoratidza kuti ndizvo. Zvino tarisai zvakanaka namanzwi aya, kunyange pakutosika. Jehovha wakanga agadzirira kutaura zvino.

<sup>97</sup> Zvakare, kuuya komuporofita chiratidzo. Manga muchizviva here? Kuuya kwemuporofita, kuchizvarwa, chiratidzo.

<sup>98</sup> Zvino, handirevi Mudzidzi mukuru weBhaibheri. Handirevi mumwe mufundisi wakatendeka, mumwewo munhu akanaka. Ivavo vakanaka. Ivavo varanda vaMwari.

<sup>99</sup> Asi muporofita chiratidzo. Bhaibheri rinodaro pano. Uye chiratidzo chei? Chiratidzo chokuti Shoko raKe rava kuda kuzadziswa, kuzadziswa nenzwi rechiratidzo chemuporofita uyu.

100 Cherechedzai, kuuya kwemuporofita chiratidzo cheyambiro yokutongwa kwava pedyo. Manga muchizviziva here? Kutongwa kwagadzirira kurova kana pauya muporofita panyika.

101 Rangarirai, zvirokwazvo iye, pakutanga, anofanira kusimbiswa naMwari neShoko rezuva iroro, ndokuzobva oita chiratidzo. Zvino tarisisai chiratidzo ichocho, zvaanoti zvichaitika. Akati, “Kana zvikaitika, naizvozvo munzwei.” Numeri 12:6. “Kana zvikasaitika, zvikanganwei.” Chinofanira kuva chiratidzo cheMagwaro chaAnopa.

102 Uye chaAkambopa sechiratidzo, imwe nguva, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Anogara achingochipa nenzira imwe cheteyo. “Shoko raShe rakauya kuvaporofita.” Ndivo vaiva Shoko. Uye Jesu paakauya, Waiva Shoko. Uye Shoko rakanzvera pfungwa nezvido zvemwoyo, nguva dzose, zvichingoenda nakuenda. Zvino tarisisai.

103 Kuuya kwemuporofita uyu, kunopa chiratidzo, chokuti, “kutongwa kwaswedera,” nguva dzose.

104 Ngatimbomirai kwemaminitsi mashoma bedzi. Handisi kuzatora nguva refu. Ngatitarisei vamwe zvino, kwemaminitsi angangoita gumi. Uye mharidzo yose, ndingangodaro, kwemaminitsi gumi.

105 Nowa, muporofita panyika—munyika, aiva chiratidzo chokutongwa kwanga kuchiyuwa. Mosesi, muporofita panyika, waiva chiratidzo chokutongwa kwanga kuchiyuwa. Eriya, muporofita panyika, wanga ari chiratidzo chokutongwa kwanga kuchiyuwa. Johane, muporofita panyika, wanga ari chiratidzo chokutongwa kwanga kuchiyuwa kuIsraeri; yakadimburwa zvachose.

106 Cherechedzai, chiratidzo! Chiratidzo chinoita sei? Chiratidzo ndechekukwezva meso, uye nokuita kuti vasanangurwa vagadzirire, uye vatize munzira yokutongwa kusati kwarova. Ndizvo zvakaitwa naNowa, akaita kuti vasanangurwa vagadzirire. Kuvamwe vose, zvinoita chii? Chiratidzo, nenzwi rechiratidzo, zvinopomera munhu asingatendi nokumugadzirira kuti achitongwa. Zvinogadzirira vasanangurwa kuti vagadzirire kupunyuka. Ndizvo zviri chiratidzo. Ndizvo zvinopirwa zviratidzo, ndezvokuitira kutongwa kuri kuuya. Kuvasanangurwa, vanozviona.

107 Somudzimai muduku waiva nemwoyo wakachena, nemutumbi wakasvibiswa; uyewo muFarisei aiva nomutumbi wakachena, nemwoyo wakasvibiswa. Zvakapomera mumwe, ndokuponesa mumwe.

108 Uye kutongwa chaiko kwakaponesa Mosesi, kwakapomera nyika yose; kuparidza kwake.

109 Zvinoita kuti vasanangurwa vagadzirire. Vasanangurwa vanogadzirira chiiko? Pavanoona chiratidzo chakatumwa

naMwari, vanotarisa muMagwaro voona kana izvo zvichifanira kunge zviripo. “Hongu, hepanoi pazviri.” Chii? Kutongwa kuri kuuya. Zvino vasanangurwa vanoterera kuinzwi iroro.

<sup>110</sup> Asi vasina kusanangurwa vanorishaira hany’n’a, voti, “Hazvina maturo. Endererai mberi! Tinoterera chikoro chedu chekare chimwe chetecho.” Maona? Ndizvo zvavakaita mumazuva aLuther. Ndizvo zvavakaita mumazuva aWesley. Ndizvo zva—zvavari kuita iko zvino, zvavakagara vachingoita.

<sup>111</sup> Asi ichi chiratidzo, uye chine inzwi rinotevera chiratidzo. Uye inzwi rinoratidzwa seinzwi reMagwaro. Zvino musakanganwa izvozvo. Zvino regera izvi zvirambe zvichipinda, nokuti pamwe handizombokuonai zvakare.

<sup>112</sup> Ndinoshuva kuti dai ndanga ndine imwe nzira yandaigona nayo kuuya kuno pane imwe nzvimbo ndounganidza hama dzangu dzose, pavanenge vasina rumutsiro, ndomisa tende ndombogara, zuva nezuva, ndozvidzidzisa kusvikira—kusvikira zvanyatsopinda. Asi Iye haangambozvitereri kudaro, handifungi kudaro. Maona, taswederwa zvakananyanya pamagumo. Ndinotenda kuti tasvika pamagumo izvozvi.

<sup>113</sup> Mubhuku rangu mukati umu, randinochengeta ndakanyora imomo. Muna 1933, mamwe mangwanani, ndichigadzirira kuenda kuSunday school, Sunday school yeBaptisti kwandakanga ndiri mufundisi, Mweya Mutsvene wakaburuka ndokundiratidza tichidzika kusvika kunguva yokuguma, ndokundiratidza zvinhu zvinomwe zvaifanira kuzoitika. Ndakazvinyora pasi. Zviri pabepa rasakara reyellow.

<sup>114</sup> Wakandiudza nemazvo kuti Germany yaizovaka sei Siegfried Line, uye kuti veAmerica vaizouraiwa zvikuru ipapo, makore gumi nerimwe mu—mutsetse uyu usati wavakwa.

<sup>115</sup> Wakandiudza kuti Mussolini achasimuka sei, nekuenda kwaachaita kuEthiopia, uye kuti Ethiopia “ichawira patsoka dzake.” Uye kuti achafa zvinonyadzisa, akapidigurwa, uye vanhu vake vachimusvipira.

<sup>116</sup> Ndakati, “Kune hutongi hutatu; chiCommunism, chiFacism, nechiNazism. Zvese zvichaguma zvobva nomuRussia, muCommunism.” Uye ichazoparadza chiKatorike. Tarisai muone zvikasazodaro!

<sup>117</sup> Ndakati, “Pachava nebudiriro ichatora nzvimbo!” Ndakati, “Ndinoona motokari dzichiratidzika sezai, dzichidzika nomugwagwa. Pane motokari dziri kudzika nomumigwagwa mukuru, dziine chimwe chaidzityaira, varimo vasingafaniri kuitiyaira. Ndakaona mhuri yechiAmerica ichitamba tsoro yedraft kumashure mumotokari.” Vatova nemotokari yacho izvozvi, dai vanga vane migwagwa yokuiisa. Kamotokari kerudzi rweVolkswagen izai pacharo, chaizvoizvo, uye nedzimwe mota dzose. Ungazvifunga here, muna 1933, kuti dzimwe motokari dzairatidzika sei, pana iye zvino?



118 Uye Chakaporofitazve, kuti, madzimai achatenderwa kuvhota, uye nezvavaizoita. Uye kuti nyika ino, iri mufananidzo, seIsraeri, yakapinda munyika ndokudzinga vaigaramo, ndokubva ivo vagara nhaka yenyika iyo. Uye madzimambo mashoma okutanga avakava nawo, Dhavhidha naSoromoni, vaiva madzimambo aitya Mwari. Mushure mechinguva, vakazova naAhabhu. Vakamuvhotera. Chigaro chicha . . . chechi yakapindwa nyenika. Uye, takava naLincoln naWashington, zvino chitarisai zvasvava nhasi. Zvino chitarisai kwotoenda. Chii chinotevera? Tava pakuguma kwenguva.

119 Uye ichi chiratidzo, panyama, zvamazvirokwazvo. Chinoita kuti vasanangurwa vagadzirire; nokupomera, kuti vasingatendi, vatongwe.

120 “Kana muporofita uyu ari muporofita wechokwadi, uye zvaanotaura zvikaitika,” Bhaibheri rakati, muna Numeri 12:6, “inzwai yambiro yake, nokuti zvasimbiswa kuti hazvisi zvomunhu iyeye.” Mu—muporofita munhu. Asi inzwi rinobva pachiratidzo chomweya inzwi reMagwaro, rakasimbiswa, nokudaro iyambiro.

121 Bhaibheri rakanyorwa navaporofita, rangarirai. Muna Petro Wechipiri, zvakare, 1:21. Uyevo, muna VaHebheru 1:1.

122 Shongwe yoMoto, kuna Mosesi, chaiva chiratidzo, chokuti inzwi raizotaura. Shongwe yoMoto yakaratidza kuti inzwi rakanga richizotaura. Ndicho chiratidzo, Shongwe yoMoto. Imi vanhu munofanira kuzvirangarira kubva kuHouston, nguva shoma yapfuura.

123 Mosesi, muporofita, chiratidzo kuIsraeri, chokuti vimbiso yatogadzirira kuda kuzadziswa. Mosesi paakauya akaita chiratidzo chomuporofita, vakabva vaziva ipapo kuti aizovaunganidza pamwe chete.

124 Shoko raMwari riri muhurongwa hwakanyatsokwana sei, nguva yose zvimwe chete. Kunyange sezvandakataura husiku hwapfuura, nezveUrimi neTumimi, nezvose, zvaigarodavirira kuna Mwari.

125 Ngatitorei muporofita zvakare, kwechinguvana, Jona. Ndanga ndiine chitsauko 1 chaJona chakanyorwa pasi pano apa, chitsauko 1 pano chokuporofita kwake. Jona wakabva mudumbu rehove huru, waiva chiratidzo. Maona, vanhu ava vaiva vahedheni. Vainamata vanamwari vemugungwa, zvino mwari wavo wegungwa yaiva hove huru.

126 Zvino vanhu vazhinji vanoedza kuwanira Jona mhosva. Ini ndagara nguva dzose ndichingoreverera Jona. Jona wakanga asina kubuda mukuda kwaMwari. “Tsoka dzevakarurama dzinotungamirirwa naShe.” Tinoda kutaura tichiti, “Uyu ndiJona.” Asi ngatizvitorei sezvasva . . . pahukoshi hwazvo, kamwe chete. Ndinoziva kuti waifanira kuenda kuNinivha,

asi Mwari ndiye wakaita kuti atore chikepe kuenda kuTashishi. Uye Iye ndiye wakaita kuti pauye dambudziko pagungwa.

<sup>127</sup> Jona akati, “Ndisungei maoko nemakumbo angu. Ndini ndiri mudambudziko, ndazvikonzeresesa.” Uye vakamukandira kunze. Zvino hove yakanga ichishambira mumvura, hove huru yakabva yamedza Jona. Ndinoziva kuti zvakaomera vesainzi kuzvitenda.

<sup>128</sup> Pano nguva shoma yapfuura, muLouisville, Kentucky, makore angangosvika gumi apfuura, vakaisa ho—hove huru pamusoro pe—pemotokari yakatandavara. Zvino ipapo pakanga paina kaRicky kamambara, kakanga kane njere dzakawandisa kupfuura dzakaigona kudzikamisa. Kakanga kachiedza kuratidza kuti Bhaibheri rakanyepa. Kakati, “Munozivei, munonzwa chirevo chemuBhaibheri chekare, chinoti hove huru yakamedza Jona.” Ndokubva kati, “Tarisai, bhora chairu harigoni kukwana pahuro yayo, idiki kwazvo. Ko munhu mukuru angapinda sei mudumbu rayo?” Akati, “Munoona, chinongori chirevo chekare bedzi, sezvo Bhaibheri rakazara nazvo.”

<sup>129</sup> Zvakabva zvandinyanyira pakufunga kwa—kwangu. Ndikati, “Changamire, ndinoda kutaura chimwe chinhu ipapo.”

Ndokuti, “Chii chaunoda kutaura?”

<sup>130</sup> Ndikati, “Unoona, hauna kunyatsoverenga Bhaibheri zvakanaka.” Ndikati, “Bhaibheri rakati iyi yaiva hove huru yakatsaurwa. ‘Mwari wakagadzira hove huru.’ Iyi yakanga yakaumbwa zvakatsaurwa, kuti igone kumumedza, zvikaitendera kuti idaro! Yakanga isiri hove sedzatajaira. Mwari wakanga ari kuzoita basa risiri ramazuva ose, saka wakaita hove isiri yemazuva ose.” Maona? Haana chimwe chaakazotaura pamusoro pazvo zvakare. Saka, iyo, Mwari wakagadzira chinhu chakatsaurwa.

<sup>131</sup> Semumwe musikana mudiki, imwe nguva, aibva kutabhenakeri; ane vhudzi rake rakakamirwa kumashure, uye richtsvedzerera, zvakakwana zvokuita kuti chiso chake chiduku chiratidzike sehanyanisi yakamenywa. Wakanga aingori neBhaibheri, achienda achidzika.

<sup>132</sup> Murume mutana uyu anonzi Jim Dorsey waigara kuUtica. Wakanga asingatendi, musoja wakare, uye—uye wakanga asingatendi muna Mwari. Zvino iye akati, “Uri kuendepiko, mhandara duku?”

Musikana ndokuti, “Ndiri kuenda kumba, changamire.”

Akati, “Chii chawakatakura muruoko rwako?”

Musikana akati, “IBhaibheri.”

Akati, “Hauritendi, handizvo here?” Uye mutana . . .

Akati, “Hongu, ndinoritenda, changamire.”

133 Uye akati, “Unotenda here rungano rwurimo pamusoro pehove huru yakamedza Jona?”

Akati, “Nemhaka yei, zvirokwazvo, ndinotenda Shoko rose raro.”

134 Mutana akati, “Ko ungazviratidza sei kuti ndezvechokwadi kunze kwekutongoita zvokutenda bedzi, kwamunoti kutenda?”

“Nemhaka yei,” musikana ndokuti, “pandichasvika kuDenga, ndichabvunza Jona.” Maona?

Mutana akati, “Ko kana asiko?”

135 Musikana akati, “Zvikadaro imi ndimi muchanomuvhunza.” Saka ndakafunga kuti apo pakapiwa chinonyatsotwasanudza chakanaka. Saka ndinofunga kuti izvozvo zvinenge zvakanaka.

136 Dai Bhaibheri rakati Jona wakamedza hove huru, ndaizvitenda. Waikwanisa kuigadzira. Mwari zvaanenge ataura, Mwari anogona kuzviita, uye Anochengeta Shoko raKe nguva dzose. Saka, Jona, tinomuseka . . .

137 Asi mati mambocherechedza here hove painenge ichishambira? Iri kutsvaga zvokudya zvayo. Uye painenge yadya, inodzika zasi chaiko yogara nezvokushambirisa zvayo pasi chaipo. Ipai hove dzenyu dzegold fish zvokudya mugoona zvinoitika. Dzinozadza matumbu adzo maduku, dzodzika pasi dzotsika nezvokushambirisa zvadzo pasi, dzogara ipapo dzozorora.

138 Saka, hove huru iyi yakagadzirwa yakauya ndokumedza muporofita uyu. Ndokubva yadzika pasi chaipo pegungwa, zvimwe pakadzika mafathom makumi mana. Yakadzika zasi ikoko, kuti izorore pasi pegungwa.

139 Zvino tinogara tichifunga pamusoro paJona. Uye munhu wose anoti, “Zvino ndakanamatirwa, asi ruvoko rwangu harusati rwava nane. Ndakanamatirwa, asi handisi kunzwa zviri nane.” Usazombodaidzira uchishora Jona.

140 Zvino tarisai zviratidzo zvaava nazvo. Zvino, chokutanga, waiva kunze uko pagungwa rine dutu, uye wakanga abva munzira yaakanga atumwa naMwari. Maoko ake namakumbo zvakanga zvakasungwa. Akakandirwa mugungwa rine hasha, rine dutu, hove huru ndokubva yamumedza ichibva yadzika asi-zasi uko pasi pegungwa. Zvino wakanga arimo mumarutsi ayo, mudumbu rehove huru, mauswa omugungwa akamumonerera muhuro yake. Uye aiti kana akatarisa divi *iri*, raingova dumbu rehove huru. Akatarisa divi *iro*, raiva dumbu rehove huru. Kwose kwaaitarisa, raiva dumbu rehove huru. Ungataura pamusoro pezvinhu zvakakukomberedza, aigona kunge wakava nazvo. Asi munoziva zvaakataura? Akati, “Izvi ndezve nhema zvisina maturo. Handisi kuzotarisa zve pazviri, asi kamwe chete zvakare ndichatarisa kutembere yeNyu tsvene.”

141 Nokuti, Soromoni, munhu wepanyama wenyika ino, uyo wakanamata achikumikidza tembere, akati, “Ishe, kana vanhu veNyu vakawira mudambudziko kupi zvako kwavanenge vari, vakatarisa kunzvimbo ino tsvene, naizvozvo inzwi muri Kudenga.”

142 Uye Jona waiva nokutenda mune zvakanamatwa naSoromoni. Uye Mwari wakamudzikinura kubva muhove huru, mushure memazuva matatu nehusiku hutatu. Mwari anogona kunge akaisa pasi apo tende remweya wokufema nawo. Handizivi zvaAkaita, asi Wakamuchengeta ari mupenyu kwemazuva matatu nehusiku hutatu, maererano neShoko. Zvino Shoko rakarurama.

143 Zvakanaka, dai Jona, pamamiriro aya ezvinhu, aigona kutarisa kutabhenakeri yakavakwa nemunhu, ko zvakatonyanya sei kuti iwe neni, husiku huno, titarise kuTembere uko Jesu akamira paruoko rwerudyi rweHumambo, neRopa raKe Amene, achireverera pakupupura kwehu, pane zvakatikomberedza zvisvima! Musawanira Jona mhosva, asi uchitarisa zvakakanganisika pauri. Tarisa vimbiso, “Mwari wakadero!” Kana muri vana vaAbrahama, “Mwari wakadero!” Ndiye akaita vimbiso, ndipo pazvinoperera.

144 Cherechedzai, vanhu vose vakanga vari kunze uko vachiraura, uye vachidhonza rutava rwavo nezvimwe zvinhu. Mushure menguva, pakabva pabuda mwari wegungwa, hove huru, ichimhanya yakananga kumahombekombe. Munhu wose wakapfugama namabvi ake. Mwari vanoziva maitiro ezvinhu. Yakasvika pamahombekombe chaipo ndokubuditsa rurimi rwayo, uye, payakadaro, hapanoi muporofita wauya achifamba kubva mumuromo wehove huru. Muporofita! Zvino mwari wacho wakasvika muporofita chaipo pamahombekombe. Ndiko kusaka vakatendeuka. Maona?

145 Icho chakanga chiri chiratidzo. Jona achisvitswapo nehove huru, ndicho chakava chiratidzo. Chii chaakaita? Ndicho chaiva chiratidzo kubva kuna Mwari. Inzwi rakati chii? “Tendeukai kana kuti muchaparara, mumazuva makumi mana.” Chiratidzo chaMwari; Inzwi raMwari! Nguva dzose, kana Mwari atuma chiratidzo, Mwari unotuma inzwi raKe shure kwechiratidzo ichocho. Cherechedzai, “Tendeukai, kana kuti mumazuva makumi mana guta rino rose rinoparara.”

146 Johane muporofita paakaonekwa panyika, mushure mokuva namazana mana amakore pasina muporofita; chiratidzo mushure memakore mazana mana, asati aonekwa. Nguva diki iyo pasina chaitika!

147 Zvino kana uri womweya uhabata zvandiri kutaura. Dai Mwari akazarura kunzwisisa kwenyu. Nguva yareba zvakadini!

148 Makore mazana mana, Israeri isina muporofita, machechi akanga amonyorotswa-monyorotswa, ipapo ndipo Johane

paakazoonekwa. Johane waiva muporofita, chiratidzo chokuti Mhesiya wakanga ava kuzotaura mushure make. Cherechedzai. Nokuti, Maraki 3 yakati, “Ndichakutumirai Mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti agadzire nzira, agadzire vanhu.”

<sup>149</sup> Tarisai pana Johane, wakanga asina chindini maari. Haana kumbotora mbiri. Vakaedza kumudaidza kuti Mhesiya; asi iye akati, “Handina kutombokodzera kusunungura shangu dzaKe.”

<sup>150</sup> Asi apo Jesu paakangosvika, Wakanga aine chiratidzo, Shongwe yeMoto, Chiedza pamusoro paKe, senjiva yakadzika uye inzwi richiti, “Uyu Mwanakomana waNgu wandinoda, waNdinofadzwa naYe.”

<sup>151</sup> Cherechedzai, Johane akabva ati ipapo, “Anofanira kukwirira. Ndinofanira kuderera.” Akapa Chechi kuna Kristu. Amen.

<sup>152</sup> Tinoudzwa kuti, mumazuva okupedzisira, izvo zvichadzokorora zvakare! Pachava neMharidzo ichauya, ichazivisa Mhesiya kuvanhu. Uye ichava iri mune imwe nzira yokuti, vachamira vakapererwa sezvavakaita paya. Akazvivimbisa. Chitsauko chinotevera chaMateo, chaMaraki, chinotiudza nezvazvo. Tarisai.

<sup>153</sup> Vakavhunza nezvazvo. Hunhu hwaJohane hwakamuzivisa kuti ari mumweya waEriya. Zvino cherechedzai vaporofita vaviri.

<sup>154</sup> Zvino, Eriya waiva murume akasimuka munguva yeIsraeri, iri munyonganyonga.

<sup>155</sup> Ahabhu waiva mambo. Uye madzimai ose akanga aita saJezebheri, uye pamwe nekugerwa bhicho nezvose, pamwe sezvatinazvo nhasi. Uye vose vakanga vatevedzera Jezebheri. Uye vafundisi vakafunga, “Zvakanga zvakangonaka. Vasiyei vakadaro. Vasiyei vazviite.”

<sup>156</sup> Zvino panguva iyoyo, Mwari wakasimudza mumwe murume kubva murenje, waiva nezita rokuti Eriya. Hatitombozivi kuti akabva nokupi. Wakanga asina chikoro chokuzvivivisa nacho. Asi akasimuka, akapomera zvinhu zvose izvo. Akatsiura mamiriro ose ezvinhu.

<sup>157</sup> Dai aiuya panzvimbo ino, nhasi, aipomera mamiriro edu zvakare.

<sup>158</sup> Akatsiura Jezebheri wese. Zvino, pakupedzisira, ndiyeyu mudzimai wakachedzwa muporofita. Akamhanya panze, saJohane; akarara pasi pemuti wemuJunipa apo Jezebheri waida kumuuraya. Aimuvenga.

<sup>159</sup> Zvino tinoona kuti pakazouya Johane, kubva murenje zvakare, uyo aida renje, nemharidzo yakanga yakananga kumadzimai echimanje-manje vachigara vakarambwa ndokuroorwa, nokuroorwa zvakare, akazvigura-gura akazviita zvidimbu-zvidimbu. Haana kumbobva kune chimwe chikoro.

Akabva kuna Mwari, murume akatumwa kubva kuna Mwari. Uye akatsiura madzimai echimanje-manje, achipesana navo zvakasimba, uye haana kumbozviverutsa. Asi akati pachena, “Nguva yakanga yakwana, Mhesiya wakanga ava kuzotaura.” Tarisai izvozvo.

<sup>160</sup> Zvino enzanisai nguva yokuuva kwaEriya kwokutanga nevamwe vaporofita vechizvinozvino vanhasi, vanosiya vanaJezebheri vavo vachigera vhudzi, vachipfeka zvikabudura, vachisvuta midzanga yefodya, zvese zvavanoda kuita, vachivatungamirira. Zviri nane asataura chinhu, mudzimai angabva amusiya, otona mumwe. Vanovatungamirira nezvitendwa zvakagadzirwa navanhu; zvinonyadzisa, dzidziso dzavanhu. Zvino, nekuita izvozvo, vanoita kuti mirairo yaMwari ishaye simba, nokuti vanogona kujoina chechi apo voramba vachizviti Makristu, vobatirira kukodzero dzavo vachiti tiri Makristu, voenderera mberi. Ndizvo zvavanoda. Ndizvo zvavaiita panguva iyoyo.

<sup>161</sup> Asi, rangarirai, zvakaita sezvenguva iyoyo, apo Mwari akavimbisa muna Maraki 4, kuti Achazadzisa Shoko zvakare. Ndizvozvo. Tarisai patiri nhasi, sezvazvakanga zvakaita panguva yaJohane, sezvazvakanga zvakaita pane dzimwe nguva.

<sup>162</sup> Tarisai kamutana Amos kachisimuka, kamuchinda kadiki. Hatizivi kuti akabva kupi. Wakanga ari mufudzi wezvipfuwo. Mwari wakanga achimuendesa kumafuro emakwai nemafuro emombe, uye, uye achimudzidzisa. Zvino paakauya kuSamaria, uye paakakwira ndokusimuka pamusoro pechikomo chiya zuva riya, akatarisa pasi apo. Uye zuva riya richipenya pamhanza yake, nendebvu dzake dzakachena, nemaziso ake pamwe chete achipenya. Maziso ake ehumwari akabwaira, kwete nokuda kwezvaaiiona zvinouya kuzoonekwa nevashanyi pavanopindamo, nokuti guta rose rakanga razvipira kuzvivi.

<sup>163</sup> Ndiani munhu mudiki uyu, asingazikanwi? Hongu, ndiAmosi, muporofita. Akaporofita mumazuva aJerobhoami weChipiri, mambo wakanga akaipa, waisiya vanhu vachingoita chero zvavada. Vaprisita vakanga varimo vachizvitsigira. Vakavaka chechi dzakanakisa. Vaiva nezvipfeko zvakanakisa. Madzimai avo akanga asina hunhu. Vaipfeka chero zvavaida. Vashanyi venyika vaiva kwese-kwese, kuzoona vasikana vakaisvonaka nezvavaiita.

<sup>164</sup> Imwe U.S.A. yechimanjemanje, vanofanira kunge vari vanhu vaMwari. Hapana anotaura chinhu pamusoro pazvo. Zvinoita kunge zvinobata zvine simba pavanhu. Shan- . . .

<sup>165</sup> Ava makore gumi nemasere zvino, nhasi! Rebheka wangu ava nemakore gumi nemasere, nhasi. Makore gumi nemasere, ndakagura matunhu enyika ino, ndichitsiura zvinhu izvi. Pandinodzoka, gore negore, panenge pave nemadzimai akawanda akagera vhudzi kudarika pandakatanga.

166 Muparidzi mukuru, wechiPentekosta ane mukurumbira akandipinza muimba, rinenge gore rapfuura, murume akanaka, anonyatsozivikanwa, anozivikanwa pasi rose. Akati ndi... “Hama Branham, regai ndiise maoko angu pamusoro penyu ndikunamatirei.”

Ndikati, “Handisi kurwara.”

167 Akati, “Asi pane chimwe chinhu chakakanganisika.” Akati, “Hama Branham, muchaparadza shumiro yenyu. Hapana achatsigirana nemi. Ndosaka vaparidzi vasingakutsigirii; matsiuriro amunoita madzimai.”

Akati, “Vanhu vanoti muri muporofita.”

Ndikati, “Handina kumboti ndizvo zvandiri.”

168 Akati, “Asi vanofunga kuti ndizvo zvamuri.” Akati, “Ndinotenda zvimwe chetezvo.” Akati, “Makadanwa kuti munamatire vanorwara.” Akati, “Namatira vanorwara, usiye madzimai akadaro. Unokanganisa manzwiwo avo.”

Ndakati, “Nenzira ipi?”

169 Akati, “Kutaura pamusoro pavo vakagerwa vhudzi nezvakadaro.”

Ndikati, “Zvakashata.”

170 Bhaibheri rakati, “Mudzimai ano—anogera vhudzi rake, murume wake ane mvumo yekumuramba.” Ndizvo chaizvo. “Haaremekedzi musoro wake.” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Zvino handizivi kuti munozvida here kana kuti kwete, asi ndizvo zvakataurwa neBhaibheri, muna VaKorinte voKutanga.

171 [Chibenga patepi—Mupepeti.]...zvinobata kusvika ganda rava kunge. Uye vobva va—vauya, voti, “Nemhaka yei, VaBranham, ndiyo mhando yega yenhumbi dzavanotengesa.”

172 Vachine machira nemishini yekusonesa. Hapana pembedzo. Madzimai echiAmish nechiDunkard vachiri kuzvipfeka. Chokwadi. [Ungano inoombera maoko—Mupepeti.]

Uye chii chinoitika? Vanobuda kunze uko voenderera mberi.

173 Mumwe mudzimai akati, “Zvakanaka, VaBranham, handipfeki zvikabudura. Ndinopfeka zvi-...” Zvinonzi chii, zvikaba-... [Imwe hama inoti, “Zvikabanga.”—Mupepeti.] Hongu. Akati, “Ndizvo zvandinopfeka.”

174 Ndakati, “Zvakatonyanya kushata.” Ndikati, “Bhaibheri rinoti, ‘Chinyangadzo kuti mudzimai apfeke hanzu yakafanana neyemurume.’” Uye chinyangadzo chakadini pamaratidzikiro chava muUnited States zvino! Maona? Ndizvozvo.

175 Rega ndikuudze chimwe chinhu, hanzvadzi. Unogona kunge wakachena seruva rehapa, kumurume wako kana mukomana wako, asi muZuva roKutongwa uchazvipindurira kuti wakaita upombwe. Jesu akati, “Uyo anotarisa mudzimai, akamuchiva,

atoita kare upombwe naye.” Kana mutadzi uyo akakutarisa, anofanira kuzvipindurira paZuva roKutongwa. Wakazviratidza kwaari. Zvipime. Uh-huh.

<sup>176</sup> Ko mudzimai ane humwari angagodirei kupfeka saizvozvo? Wozviti une Mweya Mutsvene nokuti wakataura nendimi nokumhanya uchikwidza nokudzika pasi? Izvozvo, chero zvakadaro, ndakaona mahedheni achidaro, maHottentots. Mweya Mutsvene muramba tsvina, mutsvene, hauna kusvibiswa. Ndizvozvo.

<sup>177</sup> Murume uyu akati, “Kana uri... Vanokutenda kuti muri muporofita. Munodii kuvadzidzisa magamuchirirwo ezvipo zvikuru zvemweya, uye kuti voitira Mwari zvinhu sei? Munodini kuvadzidzisa izvozvo kana muri muporofita?”

<sup>178</sup> Ndakati, “Ndingavadzidzisa sei svomhu dzakaoma kana ivo vasingadzidzi maABC avo?” Munoziva vzinoreva ABC? [Always Believe Christ ne Chirungu—Mukurikiri] “Garai muchitenda muna Kristu.” Uh-huh. Uchazviita sei? Waona, unoda kukwidza kumusoro *uko*, pane kutangira *pano* pasi.

<sup>179</sup> Mwari uchavaka Chechi yaKe pamusoro penheyo yaJesu Kristu, zvino ndiro Bhaibheri. Kunze kwaizvozvo, kumwe kwose ijecha rinonyudza. Mwari haashanduki. Hunhu hwaKe haushanduki.

<sup>180</sup> Akagadzira madzimai akasiyana nevarume, uye varume vakasiyana nemadzimai. Akavapfekedza zvakasiyana, uye anoda kuti vagare vakadaro. Maona? Vakadzi vanoda kuratidzika savarume, uye varume vanoda kuratidzika savakadzi. O, ini zvangu! Kutsveyama kwakadai! Zviri... Zvino zvinhu zvose, zvinenge zvasunga vanhu, uye haungagoni kuzvishandura. Zvinotaridzika sechikara chinotyisa, rima guru; kana muchigona kunzwisisa zvandinotaura nezvazvo, mumweya. Zimhuka rinotyisa iri ravabata, uye ha—havachagoni kubva kwariri; Hollywood yanyanyisa kuwanda, matelevision anyanyisa kuwanda, uye nezvimwe zvisina maturo zvanyanyisa kuwanda. Zvese zvatinazvo zvasvibiswa. Hazvishamisi, “Kana basa rikasapfupiswa, kuitira Vasanangurwa, hapazovi nenyama ingaponeswa.”

<sup>181</sup> Unoti, “Handina kumbenge ndichizviziva izvo.” Zvakanaka, zvino wava kuzviziva, kubva zvino zvichienda mberi. Maona? Ndizvo... zviri nani ndisiye izvozvo. Ngatidzokerei kumashure. Mucherechedze.

<sup>182</sup> Johane waiva chiratidzo. Uye rangarirai kuti, nzira Mwari yaakaita nayo pakutanga, ndiyo nzira yaAchaita nayo zvakare. Wakavimbisa kudaro. Zvino, Mwari haana kumboshandisa boka ravanhu, panguva ipi zvayo, kuita izvozvo.

<sup>183</sup> Rangarirai, pakanga paine boka imwe nguva, iro, romurume mukuru wainzi Ahabhu, wakaunza... wakaunza vaporofita veIsraeri mazana mana. Zvino, avo vakanga vasiri vaporofita



vechihedheni. Vaporofita vevaIsraeri mazana mana. Vose vaiva nemadhigirii avo nezvose, vaine chikoro chikuru.

<sup>184</sup> Paiva nemurume aiva nehumwari ainzi Jehoshafati, waiva mambo weJudha, uyo wakauyako. Zvino ipapo ndipo mutendi akazvibatanidza neasingatendi. Zvinhu zvakabva zvakanganisika.

<sup>185</sup> Zvino akati, “Ramoti-Giriadhi.” Zvino tarisai izvi, ichokwadi ichi zvakadini. Akati, “Ramoti-Giriadhi ndeyedu, iri kumusoro uko. Uko muchikamu cheniyika kumusoro uko, ndeyedu.” Joshua, achipatsanura nyika idzi, akapa ikoko kuIsraeri. Uye vaFiristia, vahedheni, vakauyako ndokubva vaitora kubva kwavari. Iye akati, “Iyoyo ndeyedu.”

<sup>186</sup> Zvino tarisaisai, pane zvepamavambo, vanhu vanogona kunge vari mugwara asi voZvipotsa. Chinhu ichi chaizvoizvo chaitova chavaIsraeri. Asi vimbiso dzaMwari dzose, hama, dziri pazvirango, unoono, “Kana vakafamba pamberi paIshe.”

<sup>187</sup> Zvino tarisai apa. Akati, “Haungaendiwo here neni, undibetsere kutorazve nyika iyo? Ndizvo, kuti, vana vevaFiristia vari kuzadza matumbu avo ikoko, negorosi revaIsraeri.” PaMagwaro zvakarurama. Iye akati, “Ndibatsire tiendeko tindoitora.”

<sup>188</sup> Ndokuti, “Zvakanaka, dzanga . . .” Ipapo ndipo paakaita mhosho yake huru. “Ngoro dzangu dzehondo ndedzako, vanhu vangu vakafanana nevako. Ndichaenda newe.”

<sup>189</sup> Zvino ipapo Jehoshafati akatanga kufunga, munoziva. “Nhandi, hatifaniri here kubvunza Ishe pamusoro pazvo tisati taenda?”

<sup>190</sup> “O, ndizvo chaizvo,” Ahabhu akati, “ndizvozvo chaizvo. Uhuh. Ruregerero. Nda—ndanga ndichifanira kunge ndafunga pamusoro paizvozvo.”

“Hapana muporofita here pane imwe nzvimbo?”

<sup>191</sup> “O, chokwadi. Ndine—ndine se—seminari yavo zasi kuno, yakanaka zvausati wamboona. Vese vanopfeka nhumbi dzakanakisisa. Ndivo vakadzidza zvepamusoro-soro. Ndakavadzidzisa, kusvika pana zvose. Tichaenda kunovatora.”

<sup>192</sup> Saka vakaenda zasi ikoko. Uye vakabva vaungana. Vakanga vasina hunyengeri. Vakanamata ndokunamata nokunamata, kusvikira vaona chiratidzo.

<sup>193</sup> Zvino vakabva vauya. Uye mumwe wavo wakamugadzirira nyanga mbiri hombe dzesimbi. Akati, “Neidzi uchamanikidza vaFiristiya, kana va—vaAsiriya, vabude kubva munyika.” Akati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Enda, Ishe vanewe.” Mumwe nomumwe wavo, ipapo, muhumwe, vakapinda mumweya. Vaporofita vechiIsraeri vakati, “Endai, Ishe vanemi.” Unoti, zviri muMagwaro here? “Mwari wakapa nhaka iyi kuvanhu, zvino muvengi anayo. Une mvumo yokuenda kunoitora.”

Zvino, Pentecosta, ndinoda kuti muwane chidzidzo pano apa.

194 Asi, Jehoshafati, semunhu ane humwari, akati, “Pane chimwe chinhu chakati kanganisikei zvishoma.” Akati, “Hamuna here mumwe zvakare?”

195 “Mumwe zvakare, mushure mevaporofita mazana mana vakanyatsodzidziswa vakamira pano?” Sokuwanda kwakaita ava vari muno muimba yepasi. “Vakamira muhumwe, vachiti, ‘ZVANZI NAJEHOVHA.’ Zvitarisei kumashure, moti, ‘Joshua wakatipa iyi nyika. Ndeyedu. Endai munoitora!’”

196 Asi Jehoshafati akakumbira kuti pauye mumwe. Akati, “Hapana mumwe watingavhunzira kuna Mwari naye here?”

197 Akati, “O, pane mumwezve, asi,” akati, “Ndinomuvenga.” Uh-huh, uh-huh. Akati, “NdiMikaya, mwanakomana waImura.” Akati, “Ndinomuvenga. Anogara achitaura zvakashata pamusoro pangu.”

Akati, “Mambo ngavasataura vachidaro. Endai munomutora.”

198 Vakabva vatumira vamwe vamhanyi ikoko. Uye vamwe vavo vakati, “Zvino, Mikaya, ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Zvino, unoziva vakakudzanga kuti usanamata navo, - dzinga kubva mukuyanana navo, nguva shoma yapfuura, nokuti uri kugara uchingotaura zvinhu zvakashata kuvanhu. Zvino kana uchida kudzororwa kadhi rako rehuhengo, iwe taura zvimwe chete zvavanotaura, uye, o, vanobva vakutora vozvibatandiza newe.”

199 Asi zvakaikita kuti akanga ari muporofita chaiye. Akati, “Kana Ishe Mwari achirarama, ndinotaura bedzi zvinoiswa mumuromo mangu naMwari.” O! Mwari ngaaropafadze murume uyu. Akati, “Mirai kusvika manheru ano, uye ndigoona zvandichaudzwa naMwari.”

200 Mangwanani akatevera, akati, “Endai kumusoro ikoko, asi ndaona Israeri yakapararira semakwai asina mufudzi.” Zvino akatora chiratidzo chake akachienzanisa nezvakataurwa naEriya, zvakanga zvaitika kuna Ahabhu. Anogoropafadzirei zvakanga zvatukwa? Hazvinei nokuti zvakadii . . .

201 Tiri nyika ine humwari. Chechi yePentekosta, Baptist, neMethodist, zvichienda zvakadaro, ichechi dzeChikristu, asi ko ungaropafadza sei chakatukwa naMwari? Handina basa nazvo, unoti, “Nda—ndakajoinha *iyi*. Ndakaita *izvi*.” Hazvinei nechekuita nazvo. Tarisa zvawaita. Tarira Pentecosta, kuti vakaregedzera sei zvinhu. Tarisa zvawaimbova, wotarisa zvawava zvino. Ndosaka, maziso, maziso apofomadzwa.

202 Zvino iye, Ahabhu, mu...Muprisita uyu akamurova pamuromo. Akati, “Muisi,” uye Ahabhu akati, “mudzoserei

imomo mutirongo romukati. Pandinodzoka murugare, ndichazooka zvokuita nomuchinda uyu.”

203 Iye akati, “Kunge watodzoka bedzi, Mwari haana kumbotaura neni.” Uh-huh? Maona? Heunoi waiva muporofita, hechinois chaiva chiratidzo; herinois raiva inzwi raKe. Zvino, kutadza kuriterera, kwaiunza kutongwa.

204 Mweya Mutsvene ndiwo muporofita wedu nhasi. Ungatadza kunzwa Inzwi raKe? Anoonekwa muMagwaro, kuti Achataura zvinhu izvi. Jesu Kristu, ari Mweya Mutsvene!

205 Mwari wakashanda nemurume uyu mumwe chete. Apa, Mwari haafi akashanda nemapoka; ndezvedungamunhu. Eria wakanga asiri boka. Johane wakanga asiri boka. Vakanga vasiri boka kana sangano, kana mumwe wavo. Asi vari vaviri vaitsiura zvakadai. Ndizvozvo. Johane akati, “Musafunga kuti Abrahamu ndibaba vedu. Mwari anogona kuita matombo aya kuti ave vana vaAbrahamu.”

206 Uye chiratidzo chenguva yekupedzisira chinenge chiine Inzwi renguva yekupedzisira. Uye chiratidzo chenguva yekupedzisira chinenge chichienderana nezvakafanotaurwa muBhaibheri. Uye Inzwi renguva yekupedzisira, rinotevera chiratidzo chenguva yekupedzisira, rinenge rakanyatsotsigirwa muMagwaro, rinenge riri Gwaro rakavimbiswa.

207 Zvino taverenga muna Ruka 17 zvinenge zviru chiratidzo chenguva yekupedzisira, chinenge chakaita sezvazvaiva paSodhoma, ivimbiso. Uye tine Sodhoma panyama, sei tichitadza kutenda chiratidzo mumweya pano? Kana uchikwanisa kuona Magwaro, zvakare, Ruka 17 ndicho chiratidzo, uye Maraki 4 ndiro Inzwi. Chiratidzo chaita kunge Mwari achiratidzwa munyama, achiziva zvakavanzika zvomwoyo; uye Inzwi raMaraki 4 rakanga richibvisa vanhu kubva kuzvitendwa zvavo, kudzokera mukuKutenda kwemadzibaba. Ndicho chiratidzo.

208 Munozivei? Ndava kuvhara zvino. Zviratidzo zvinowanogamuchirwa, hongu; asi, inzwi, o, kwete. Inzwi rinotevera chiratidzo, havadi kuva nechekuita nazvo. Hongu.

209 Chiratidzo chaJesu, saMhesiya, chokupodza vanorwara, vakazvigamuchira. Asi rimwe zuva Akati, “Ini naBaba tiri Mumwe.”

210 O, ini zvangu, inzwi iri harina kugamuchirwa. Vakati, “UnoZviita Mwari, kuzvienzanisa naMwari.”

Akati, “Ndiri Mwanakomana waMwari.”

211 “O, ini zvangu, ko Mwari aigoita Mwanakomana sei? Maona, hazvibviri kuti Mwari ave neMwanakomana!”

212 Asi, munoona, vakatenda chi—chiratidzo, vanorwara vaigona kupodzwa, uye, o, zvakanga zvakana, zvakanga

zvakanakisa. Asi pazvakazouya kuinzwi, vakanga vasingadi kutenda inzwi. Vakaite sei? VakaMudzingira kunze.

<sup>213</sup> Uye munozivei? Bhaibheri rinotiudza, muna Zvakazarurwa chitsauko 3, paZera rino reChechi yeRaodhikia, kuti Achaitwa chinhu chimwe chetecho. Wakanga ari kunze kwechechi. Ndiro Shoko rakaratidzwa. Akanga ari Shoko rairatidzwa. Iye achiri Shoko riri kuratidzwa.

<sup>214</sup> Kana uchikwanisa kutenda chiratidzo cheSodhoma, chaRuka, kana uchikwanisa kutenda izvozvo, saka unotadza nei kugamuchira Inzwi raMaraki 4? Waona, unotadza nei, iwe? Rinogona kusimbiswa. Nzira imwe yazvinogona kuitwa nayo ku... Chiratidzo chinogona kuratidzwa, asi nofanira kugamuchira Inzwi.

<sup>215</sup> Mosesi akarairwa kudzika zasi, panyama, kuti anotora chiratidzo chomweya uye agodana vanhu kuti vadzokere kuvimbiso yemadzibaba.

<sup>216</sup> Maraki 4 ndeyekudzosera vanhu “Kudzokera paKutenda kwemadzibaba.” O, dzokai, O mapofu nevakapararira, kune venyu!

<sup>217</sup> Mukuvhara, ndichataura izvi, ichi chitaurwa chokupedzisira. Muporofita akati, “Kuchava neChiedza munguva yemanheru.” Tarirai, akati, “Kuchange kuine zuva risingadanwi kuti masikati kana husiku.” Zvino tererai. Ndava kuvhara. “Kuchava nezuva...” Izvi ngazvisinine pakadzika, uye dai Mwari azviisa mumwoyo woga-woga munharaunda ino, usiku huno, muodhitoriyamu muno. Muporofita akati, “Pachave nezuva risingazonzi masikati kana usiku, kunge kwakakwidibira, kuchinaya, kuine mhute. Asi,” akati, “panguva yemanheru, kuchava neChiedza.”

<sup>218</sup> Zvino, rangarirai, zuva rinogara richibuda nekuMabvazuva richienda kumavirira. Kubudirira kwehungwaru huno kuri kutevera zuva. Munozviziva. Uye, cherechedzai, zuva rimwe chete iroto rinobuda kuMabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinovira kuMavirira. Zvino, kubudirira kwehungwaru huno kuri kufambirana nezuva, kusvika iye zvino Mabvazuva neMadokero zvasangana. Tiri paMahombekombe eKumadokero; Mabvazuva neMadokero.

<sup>219</sup> Uye, rangarirai, Evhangeri yafamba nenzira imwe cheteyo. Yakatangira kuMabvazuva, kuuya kwaJesu Kristu, M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a, kwete z-u-v-a. M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a, Mwanakomana waMwari, wakatangira kuMabvazuva, kuvanhu vekuMabvazuva.

<sup>220</sup> Uye zvino pakava nezuva apo vanhu vakajoinha chechi, vakagadzira masangano, chiedza chokungoona bedzi, “Zvino, tichava nechechi. Tichavaka *iyi*. Tichavaka chikoro. Tichavaka chipatara. Tichadzidzisa. Tichava ne seminari.” Vakangova nechiedza chinokwana kuita izvozvo.

221 Asi, rangarirai, Bhaibheri rakati, muporofita waShe, muBhaibheri, inova ZVANZI NAJEHOVHA, “Zuva rimwe chetero rakabwinya kuMabvazuva richabwinya zvakare Kumadokero, panguva yamanheru. Kuchava neChiedza munguva yemanheru.”

222 Aizoita sei? Zvinobva zvanyatsoita sezvaAkataura munaRuka chitsauko 17. “Panguva yekupedzisira, apo Mwanakomana womunhu achizarurwa nenzira imwe chete yaAkazarurwa nayo kuMabvazuva, Mwanakomana mumwe chete iyeye ari kubwinya, Simba rimwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete, Chinhu chimwe chete chichiita zvimwe chete. Pachava neChiedza munguva yemanheru.”

223 Zuva rimwe chete iroro rakafamba; M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a mumwe chete iyeye akafamba; akadzika achipinda nekuMabvazuva, kubva kuna Pauro; akasvetukira ndokupinda muGermany, pana Martin Luther; akasvetuka zvakare, pakudhonza kwaKe kwaitevera; akabva ipapo achienda kuEngland, kuna John Wesley; akasvetuka achiyambuka gungwa reAtlantic Ocean, kuUnited States, kuPentecosti; zvino Pentecosti yakazvibuditsa yoga, zvino tave paMahombekombe.

224 Mumwe nemumwe wavo, akaita sangano, sezvavakaita pakutanga, vakaita sangano rakatukwa naMwari. Pentecosti, navose, vakaita izvozvo.

225 Asi Akati, “Kuchava neChiedza munguva yemanheru. Kuchauya chiratidzo chichasimuka panguva dzamanheru.” Musapotsa Izvi, shamwari. Musapotsa Izvi. Zvino, Mwanakomana mumwe chete anopa Chiedza chimwe chete. Z-u-v-a rimwe chete rinopa chiedza chez-u-v-a chimwe chete. M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a mumwe chete anopa Chiedza cheM-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a chimwe chete.

226 Zvino, uku hakusi kutaura kwangu. Munhu wose ari pano, anoziva kuti Bhaibheri rinodaro, simudzai maoko enyu. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvozvo chaizvo.

227 Zvino, unogona, zviri kwauri. Tenda kuti Jesu Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu, ane, haana kufa. Mupenyu. Ari mukuzvinipisa, akazvinipisa. Akagara akangodaro. Nzira yokukwira kudzika. Zvininipisei, mubve mupfungwa dzenyu dzakaomarara, mutende Ishe Jesu. Onai chiratidzo, mozobva matenda Inzwi. Dzokai, O makapararira, kune vokwenyu!

Ngatikotamisei misoro yedu.

228 “Uye kana vakasatenda Inzwi rechiratidzo chokutanga, chomuruvoko, sezvazvaiva naMosesi, naizvozvo chiita chiratidzo chepiri. Zvino, kana vakasatenda chiratidzo ichi, chitora mvura (mvura ichimirira upenyu) yomugungwa kana kuti yomunyanza, woidira pasi, inobva yava ropa.”

229 Baba voKudenga, nguva yanyatsopera zvino, asi Makavimbisa kuti kuchava neChiedza manheru. Regai Inzwi reEvhangeri yedu risinine pakadzika pemwoyo yevanhu, apo vari kufungisisa nezvaRo nokurinzvera neShoko.

230 Ropafadzai nharaunda ino, Ishe. Ropafadzai vanhu ava. Ndichivaona vakagara pano, vaine nzara, vana vanonzwisa tsitsi vakavhiringidzwa nokumanikidzwa, nezvizvi, ndichiziva kuti Satani wakaita izvi kuti avapofomadze pane iZvi pazvinezenge zvauya. Dai vakati, usiku huno, muhumwe chete, votenda kuna Jesu Kristu, votenda kuvimbiso yaKe, yokuti Wakamuka kubva kuvakafa.

231 Makati, “Munguva iyo yavasingafungiri, ipapo Mwanakomana womunhu anouya.”

232 Chaipo apo chechi yava nazvo, yava kukosha mari zhinji, ichivaka zvivakwa zvinokosha mamiriyoni amadhora. Zvingavaitira nani, Baba, ndinotenda kudaro, kuti dai vainge vakamira pane imwe kona, vachiridza ta—tamborini, vakabata ngowani muruvoko rwavo, vachiridza ngoma yekare vari mukona seSalvation Army, pano kunge vakagara mumochari huru idzi husiku huno, vachiedza kufanana nenyika, “Vaine mufananidzo bedzi wehumwari, asi vachiramba Simba racho.”

233 Tipei, Ishe, usiku huno, kamwe chete zvakare, Ishe; sokuchema kwakaita Samson, “Kamwe chete zvakare, Ishe, kamwe chete zvakare.” Ngazvizikanwe kuti Imi ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari; mumwe chete zuro, nhasi nokusingaperi. Uye Zviratidzei pakati pedu, kuitira kuti vaone chiratidzo, zvimwe vangatenda Inzwi. Pane izvi, ndinokumbira muZita raJesu Kristu. Amen.

234 Tava kudaidza mutsetse wokunamatira, nokukurumidza izvozvi. Ndinoona kuti chaizvoizvo nguva yakwana izvozvi yokusunungura vanhu vaende. Asi ngatiitei mutsetse wokunamatira, mutsetse muduku wekunamatira, mushure tozotanga mangwana.

235 Nhasi apa makadhi okunamatirwa. Naizvozvo, tinopa makadhi zuva roga-roga, kuitira kuti mumwe nomumwe awane mukana wokuuya, nguva yakatsaukana. Kutu munhu apinde mumutsetse wokunamatirwa, hazvizizvo zvinokupodza. Munhu wose unoziva, mumusangano woga-woga, pane vazhinji vanopodzwa kunze uko kupfuura vanopodzwa kumusoro kuno, maona, nguva dzose. Mweya Mutsvene unongova pose-pose. Uri kungoedza kuwana vatendi, ndizvozvo chete, vaUnogona kusvika kwavari.

236 Tapa makadhi okunamatirwa P, sezvakaite muna Pauro. Ngationei, kwatanga tiri...Zvakanaka, danai kubva pane rokutanga. Motsi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, ngavamire kudivi riri nechekuno uku, kana muchizvikwanisa. Kadhi ravo rokunamatirwa P, sezviri

muna Pauro, motsi kusvika kugumi, mirai uku kudivi *iri*, kana muchigona kusimuka. Kana musingagoni, zvino tichakumbira mumwe munhu akubatsirei. Gumi; motsi, piri, tatu, ina, shanu, nhanhatu, nomwe, sere . . . Zvakanaka, vamwezve vaviri. Sere, pfumbamwe, gumi, zvakanaka. Gumi kusvika gumi neshanu, gumi kusvika gumi neshanu, tawedzera mamwe mashanu pamusoro. Gumi neshanu kusvika makumi maviri, simukai kuti ndione kana muchigona kusimuka; P, gumi neshanu kusvika makumi maviri. Makumi maviri kusvika makumi maviri nemashanu. Ngationei zvino, chero kwauri. Zvino imwe ungoro yose ivai nokuremekedza zvikuru, kwamaminitsi mashoma bedzi. Iro ringava kadhi rokunamatirwa P, motsi kusvika makumi maviri nemashanu. Handizvo here? Makumi maviri nemashanu, motsi kusvika makumi maviri nemashanu.

<sup>237</sup> Zvino munhu wose ivai nokuremekedza zvikuru. Ipai Mwari rukudzo rwakadaro, ipai Mharidzo. Munofanira kudaro kuna Mwari, kumboongorora kweminiti muchifungisisa.

<sup>238</sup> Zvino ndinofunga kuti vari kugadzirira vanhu. Avo vasinga . . . Kana vaine kadhi rokunamatirwa, havasati vava mumutsetse vose, vachaona; vachandiudza mumaminitsi mashoma ari kutevera, uye vacha . . . uye tichaona pamwe umwe munhu anenge ari matsi kana kuti mumwe haagoni.

<sup>239</sup> Handizivi kuti vari papi, shamwari, iwo makadhi okunamatirwa. Mukomana anouya zasi kuno . . . (Ndiani waagova? Ndimi here, kana kuti ndi Billy? Billy?) Paanouya kuno zasi, osanganisa makadhi awa, pamberi penyuri imi vanhu, okupa kadhi rokunamatirwa; onyatsouya, okuudza kuti mose mugare pasi, akupai kadhi rokunamatirwa. Maona? Handizivi kuti ari papi. Ndanga ndichiedza kuti mwana uyu akwire kuno, munoona. Uye, vamwe, ha—handizivi pamusoro pavo, ha—handina nzira yokuziva izvozvo. Ndinofunga kuti Mwari wakazvigadza nenzira yaanoda Iye kuti zvizogadzwa nayo.

<sup>240</sup> Zvino, imi vamwe mose, vasina kadhi rokunamatirwa. Simudza ruoko rwako, woti, “Handina kadhi rokunamatirwa, asi ndinorwara.” Simudza ruvoko rwako, pose pauri muimba ino. Handina mhaka nokuti uri papi, simudza rwako . . . Zvakanaka, havana kunyanya kuwanda vanhu vari muno, zvino. Zvakanaka, tichitevera izvozvo, hazvizotori nguva yakanyanya kureba mangwana kunamatira mutsetse wokunamatira. Pane vanenge makumi maviri muno, kunze kweavo vakamira muno, vanorwara.

<sup>241</sup> Zvakanaka izvi. Ndinofara kuti muri kuzvigamuchira saizvozvo. Mune kutenda kunopfuura zvandanga ndichifunga, ndingadaro. Maona? Maona? Kana wagamuchira kupodzwa kwako, ndokurasira kure kadhi iroro, Mwari akuropafadze. Ndiko kutenda chaiko kwechokwadi. Hapana akuisa mavoko pamusoro; waisa mavoko ako pana Kristu.

242 Zvino muri pano husiku huno, imi muchange musiri mumutsetse wokunamatirwa, tendai nyaya iyi. Somudzimai uya wakabata mupendero wehanzu yaKe, Iye akacheuka akaona kuti mudzimai waMubata, vangani vanorangarira nyaya iyi? Zvirokwazvo, munorangarira.

243 Zvino munotenda izvi here, Iye, Bhaibheri rakataura muna vaHebheru 4, kuti, “Iye Muprisita Mukuru, izvozvi, anogona kubatikana nemanzwiwo ohutera hwedu?” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, haAngaiti here nenzira imwe chete? [“Ameni.”] Haana kuzviita here, usiku hwega-hwega, pano? [“Ameni.”] Vangani vakambopinda mimwe misangano vakaMuona achizviita? Chingosimudzai. [“Ameni.”] Chokwadi. Maona? Kutenderera pasi rose! Anoziva, Anoziva zvese pamusoro pako.

244 Zvino munoona zvandiri kuedza kuita? Vangani vanonzwisisa zvandinoda kuti multe? Maona? Ndinoda kuti iwe, pasina amboisa mavoko ake pamusoro pako, ndinoda kuti iwe, sechinhu chaMwari chaicho, uti, “Jesu Kristu, ndinotenda maMuri. NdinoKugamuchirai zvino somuporesi wangu. NdinoKugamuchirai zvino seMuponesi wangu. Ndinotenda izvi nemwoyo wangu wose, basa razvo ratoitwa.” Zvino wobata vimbiso iyoyo, wobata kupupura kwako wouya mberi nako. Tarisaisai zvinoitika. Maona? Tarisaisai zvinoitika. Maona? Zvino ndizvo zvandiri kuedza kuti multe, nzira chaiyo yatinofanira kutenda nayo.

245 Mati kudii? [Mumwe munhu anoti, “Ina negumi nepfumbamwe.”—Mupepeti.] Nhamba yechina, kadhi rokunamatirwa nhamba yechina nenhamba yegumi nepfumbamwe, haapo. Kadhi rokunamatirwa rechina. Tarisai pane mumwe munhu; tarisa pakadhi reari pedyo newe. Kadhi rokunamatirwa nhamba yechina nenhamba yegumi nepfumbamwe. Zvakanaka, imbomirai zvishoma, mirai. Ndione, kana ndikasamudana, ipapo ndinonzwa maungira pazviri, munoona. Mati kudii? Mati kudii? [“Ina.”] Mune rechina? Ko repfumbamwe... Hapasati pava negumi nepfumbamwe. Mati kudii? [“Uye nerechina.”] Kadhi rokunamatirwa nhamba yechina harisati ravapo zvino, kana regumi nepfumbamwe. Kana paine mumwe ane makadhi aya, huyai mumutsetse. Kana kuti, tarisai, onai, zvimwe... pane here... Mwana mudiki uyu ane kadhi here? Tarisai, haasi... Haisiyo nhamba yacho. Ko mudzimai uyu pano ane kadhi here, ari muhwiri cheya iyi? Tarisai nhamba yomudzimai uyu. Ndiyo—ndiyo here nhamba yomudzimai uyu? Mudzimai ari panhowo, huh? Variwana. Ivo, avamo ose zvino. Zvakanaka. Zvakanaka. Zvino—zvino, imi vanhu mune kadhi rokunamatirwa, abatei. Tava kuzoshumira, nenyasha dzaMwari.



246 Zvino, shamwari, zvino nhasi hurihwo usiku hwokupedzisira hwatinaho, mangwana iSvondo masikati, ngatizvidzikamisei. Zvino bvisai kwese kusatenda kwamunako neku—nekufunga kwese kusina maturo, wokuisa pasi, woisa tsoka yako pazviri, sokutaura kwatingaita. Uti, “Ishe Jesu, ndava kuzoKutendai.” Vangani vachaita izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maita henyu. Mwari akuropafadzei.

247 Zvino ngapashaye anobuda. Nyatsogarai makanyarara, muchitenda. Tarisisai kuno, uye zvino tarisai.

248 Kuratidzwa kwaMwari kwagara kuchingova kuziva, anofanoona zvakaitika, uye agoreva zvakavapo, kuti zvakaitika sei, kana kuti zvichavapo. Tinozviziva izvozvo. Ndiwo mazivikanirwe aaitwa vaporofita. Ndiwo mazivikanirwe Jesu aakaitwa saMhesiya. Uye Iye achiri Mhesiya mumwe chete nhasi sezvaAiva nguva iyoyo, kungoti bedzi haana mutumbi chaiwo iko zvino panyika. Wakatuma Mweya waKe kwatiri kuti ashandise mutumbi wako, mutumbi wangu. Zvino, ungangotadza kuita izvi. Tinoziva, muMagwaro, kuti pane mumwe chete muchizvarwa. Asi, munoona, asi unogona kuzvitenda, uye une zvimwe zvinhu zvaunogona kuita, munhu wose.

249 Ko kana chigunwe changu chikasarudza, nokuda kwekuti icho hachisi ziso rangu, chingati hachicharambi chiri chigunwe changu kubva zvino? Ko kana ruvoko urwu rukati, “Handichasimuki zvakare, nokuti handisi ziso, kana nzeve, handisi kuzoramba ndiri ruvoko”? Handiti, zvinoita mutumbi wangu chirema.

Iwe iva Mwari zvaakakuita kuti uve.

250 Kangani kandakayemura Oral Roberts, Billy Graham, Tommy Osborn!

251 Vamwe vevarume avo vanopindamo voti, “Mwari ngaakudzwe! Zvitende!” Kutenda kwakasimba. Vobva voenda, vobuda imomo vasina chinovanetsa.

252 Billy Graham anomira nemharidzo, otaura kuvanhu kwemaminitsi mashoma, achiti, “Tora sarudzo yako; huya paartari.” Ongoramba amirepo, asingatsukunyuke.

Iye akati, “Ko iwe unoitirei izvozvo, Billy?”

253 Ndokuti, “Mharidzo yangu ndatoparidza. Yakabva kuna Mwari.” Ndizvozvo.

254 Ari pachechi iya yeSodhoma, sechaizvo zvazvinofanira kuva. Zita rake rinoguma nah-a-m kubva pana Abraham, mavara matanhatu; Abraham aiva manomwe. Munoona mutumwa wechechi iyo, zasi uko kuBhabhironi? Zvamazvirokwazvo. Hapana mumwe munhu munyika akabata mharidzo iyi yokutendeuka, saBilly Graham. Anomira ipapo. Anofamba

kubva ipapo, uye oenda ondodya nyama yeT-bone obva ondorara, onwa mukaka wakakora. Zvakanaka izvi.

<sup>255</sup> Asi kana uchifanira kumira uchirwa namadhimoni! Imwe nguva paLong Beach, Hama Jack neni. . . Baba vako vakanga vakamira ipapo.

<sup>256</sup> Uye ipapo pakanga pakamira VaFuller, Charles Fuller, hama yakanaka, vakamira ipapo vachiparidza. Vanhu vangangosvika zviuru zviviri kana zvitatu varimo imomo masikati iwawo. Takagara takaterera mumusangano wavo. Ndakanga ndakarenda odhitoriyamu, mushure mavo. Uye vakamira ipapo vakataura zvakanaka. Uye vakati, “Aripo here pano anoda kugamuchira Kristu?” Vanhu vaviri kana kuti vatatu vakauyako kuti vana vavo vakumikidzwe. Mudzimai mumwe chete wakati waida kuzvigamuchira. Akauya ndokunamata munamato mudiki, mumwe wamadhikoni, ndokudzokera kundogara pasi. Vakakwazisana, ndokutendeuka vofamba vachibuda. Herinoi boka rake revanhu vane njere, vakapfeka zvakaisvonaka, vaibuda imomo.

<sup>257</sup> Hepanoi vangu vakazouya vopindamo, vakapfeka mabhachi anopfekedzwa mipengo, mahwiri cheya, mapofu, zviroma, vakaunyana, vakaremadzwa. Kana kutenda kwako kwava kusangana nezvinhu zvakadaro!

<sup>258</sup> Zvino pano, ndati Kristu chii? Zvino pane vasingatendi vakagara pano, vachitsvaga mhosho imwe chete, maona, vachingoedza kuwana mhosho imwe chete.

<sup>259</sup> Rangarirai, pano nguva shoma yapfuura muToronto, takanga takamira ipapo tichiparidza, tichinamatira vanorwara. Ndakaramba ndichingonzwa mweya usinganzwisisiki; wakanga wakagara nechokuruboshwe rwangu. Ndakaramba ndichiutarisa. Kwakanga kwakagara mumwe murume ikoko, pane boka rakanga ramubhadhara mari kuti andidzungaidze pfungwa. Waienda achitenderera kumakamba amasoja achiita kuti masoja afambe nemavoko avo nokuhukura sembwa, nezvakadaro; kudzungaidza vanhu. Ndakaunzwa mweya wakaipa yu. Handina kuziva pawakanga uchibva napo. Ndakaramba ndichitarisisa. Ndikaona mumvuri wakasviba yu. Ndakamirira kwamaminitsi mashoma. Ndikati, “Iwe mwana waSatani, seiko dhiyabhorosi apofomadza ndangariro dzako kuchinhu chakadaro? Nekuti wauya kuzatora simba pamusoro paMwari, kuzomisidzana neMweya waMwari, vachakutakura kubva muno.” Akaoma mitezo ipapo pachigaro paakanga akagara uye achakaoma mitezo. Maona?

<sup>260</sup> Hatitambi chechi. Vangani vakapinda mumisangano vakaona zvinhu zvakadai zvichiitika, vanoziwa zvinhu zvinoitika? Ichokwadi. Ndizvozvo. Rangarirai, re—remekezdai.

Zvino pano, ndinofunga, ndiye munhu wokutanga. Ndizvo here?

261 Zvino, munoona, ndaparidza, ndakuudzai chaizvoizvo zvanga zvichifanira kuitika muzuva ranhasi. Zvino icho chiratidzo, kana zvikaitika. Ndicho changa chiri chiratidzo, zvino tendai Inzwi rinotevera chiratidzo. Maona?

262 Zvino pano pane mudzimai. Chaizvoizvo, kwamuri vatanga kuuya, izvi ndiMutsvene Johane 4, apo Ishe wedu Jesu vakasangana nomudzimai patsime. Vakanga vasati vambosangana, muhupenyu, uye Iye wakaudza mudzimai uyu paiva nedambudziko rake. Mudzimai ndokuona kuti uyu wakanga ari Mhesiya. Munoziva nyaya yacho here? Heinoi zvakare, murume nomudzimai vasangana. Zvino iye haasiri iye mudzimai wacho, uye ini handisini Murume wacho, asi iye achiri Mwari mumwe chete. Maona? Zvino, Jesu akati, “Mabasa andinoita nemi muchaitawo,” Mutsvene Johane 14:12.

263 Zvino, mudzimai, handikuzivi, handina kana ruzivo rwokuti wakamiririrei pano. Rinogona kuva dambudziko romumba. Zvinogona kuva pamusoro pomumwe munhu. Pamwe unorwara. Pamwe. . . Pamwe wakamira ipapo, uchinyepedzera pamusoro pechimwe chinhu. Kana zviru izvo, uchaona zvichaitika. Waona? Pamwe uri kuedzesera chimwe chinhu. Hazvinei kuti chii, ini handizivi. . . Pamwe uri mutendi chaiye-chaiye. Izvozvo ini handizivi, asi Mwari anoziva. Asi uchaziva kana Akutaurira chokwadi kana kuti kwete, haungazivi here? Kana chiri chokwadi, unobva wazviziva.

264 Zvino, waona, ndizvo zvinofanira kuitwa nekutenda kwako. Unoda kuuya pano sei? Zvino kana pane anotenda kuti izvi ndezvenhema, huya pano ushande nomurwere uyu, huya pano ushande navo vose. Zvino kana usingakwanisi kudaro, naizvozvo usandiwanira mhosva. Waona?

265 Zvino tarisai kuno, hanzvadzi, kweminiti. Zvino handina kana ruzivo, kana chimwe hacho pamusoro penyu. Munongova mudzimai akamira apo.

266 Zvino kana Ishe Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, Uyo wandaratidza neBhaibheri, Akavimbisa kuti achadzoka mumazuva okupedzisira kuzoZvizarura muhuzaro hweMweya waKe.

267 Sezvakangoita Chechi iri kusimuka; ichiita seinobva kumunhu, kukwidza kubva kutsoka, kukwira nepazvidya, kusvika kumusoro, uye musoro ndiwo musoro womutumbi. Uye Mutumbi wasimuka, kubvira paChechi yokutanga, yakanyatsokwira, umu, mukuvandudzwa, yakakwira kusvikira zvino. Yakapfuura nomukururamiswa, kucheneswa, kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Zvino wava Musoro (Kristu) wave kuuya kuMutumbi, Mutumbi waKristu. Iye Ndiye Anoziva. Ruvoko rwangu haruzivi zvokuita, zvinongobva mumusoro wangu. Asi Iye Ndiye Anoziva, ndicho chikonzero Iye ari Shoko.

268 Ini handisi Shoko. Ndiri munhu. Asi, munoona, Anoshandisa mutumbi uno. Nokuti, Akafa kuti achenese mutumbi uno, kuti Aushandise, nokupa chipo. Zvakangofanana nokuubvisa mugiya, ipapo Mweya Mutsvene unobva watanga kutonga.

269 Zvino, kana Akakutsanangurira kana kukuudza zvawakaita, zvawavinga pano, kana chimwe chinhu pamusoro pako, iwe uchazvitenda. Uye ungoro muchatenda zvimwe chete here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ishe Mwari dai vakazvipa.

270 Zvino ndinitora mweya wese, uri muno, kuti uve pasi pangu, kuitira kubwinya kwaMwari. Zvino garai makanyarara. Musafambafamba.

271 Tarisai kuno, kwechinguvana. “Nditarisei,” saPetro naJohane vakataura, vachipfuura napagedhe. Nenamwe manzwi, ingoteerereso bedzi zvandiri kutaura. Maona?

Jesu akabvunza mudzimai mibvunzo mishoma. “Ndipewo mvura yokunwa.”

272 Munoona, ndanga ndichiparidza, chinhu chimwe chete ichocho. Baba vakandituma kuno ku—kuBaton Rouge. Ndiri pano.

273 Baba vakati Iye waifanira kupfuura nokuSamariya. Wakagara ipapo. Mudzimai ndiye akatanga kuuya kwaAri. Akaita chiratidzo ichocho chimwe chete pamudzimai uyu, guta rose rikatendeuka. Musiyano wakadini . . .

274 Munofunga, kana Akaita chinhu chimwe chete, husiku huno, munofunga kuti Baton Rouge yose ingatendeuka here? Ndinozvipokana, hamuzvipokaniwo here? Ndinodaro zvamazvirokwazvo. Asi tiri pamazuva okupedzisira, apo kuipa kwawedzera kuipa kwapfuura zvakambozikanwa.

275 Zvino mamiro ezvauri. Wauya pano kuzonamatirwa. Ndizvozvo chaizvo. Uye unorwara napahuro. Kana zviri izvo, simudza ruvoko rwako. Kwete izvozvo bedzi, asi kuti pane mumwe munhu wauri kunamatira. Mwana, uye mwana uyu anonzwa pahuro. Uye chimiro chepahuro pemwana uyu, mune mapundu muhuro umo. Unotenda here kuti Mwari achamupodzawo, zvakare? Hengechepfu iyoyo iri muruvoko rwako, iyo yawasimudza kuna Mwari, sechapupu. Usazvipokana zvino. Enda undoisa hengechepfu iyo pamwana. Usapokana, nomwoyo wako wose. Mwari uchakupodzai mose muri vaviri nokukupai hutano. [Hanzvadzi inoti, “Murumbidzei! Hareruya!”—Mupepeti.] Unogona kudaro here? [“Jesu! NdinoKutendai, Jesu!”] Zvino chienda, uye Ishe ave newe. [“Mwari ngaakudzwe! Hareruya!”]

Makadini? Hatizivani, zvakare.

276 Munotenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Icho ndicho chiratidzo. Zvino Inzwi, rinoti, “Dzokerai kuShoko!”

277 Handikuzivi; Iye anokuziva. Kana Akandiudza chimwe chinhu pamusoro pako, zvino uchatenda here kuti Shoko randataura richasimbiswa? Ndiko—ndiko kusimbiswa kwaRo. Unoona? Ndati Akazviita; uku kuporofita. Zvino kana kuporofita kukaitika, zvino Iye akati, “Kunzwei.”

278 Une chinhano chekuhuta-huta kwakanyanyisa chauri kurwara nacho, kuhuta-huta. Uye une bundu, uye bundu iri riri pagumbo rako. Ndizvozvo, handizvo here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvino unotenda here? [“Hongu, changamire.”] Zvino enda hako, ugotenda. Uye, sokutenda kwawaita, ndizvo zvazvichava kwauri.

279 Wakadini? Handikuzivi, asi Mwari anokuziva. Unotenda here kuti Mwari anogona kundiudza matambudziko ako? Nditarise. Une matambudziko. Asi chaizvoizvo wakamiririra mumwe munhu, uye ndouyo wawakakura naye. Ihanzvadzi. Ndizvozvo. Zvino unotenda here kuti Mwari anogona kundiudza dambudziko rehanzvadzi yako? Unozvigamuchira here? Ane chirwere chemwoyo. Ndizvozvo. Unotenda here kuti ava kuzopora zvino? Zvino, ngazvive kwauri, sokutenda kwako.

280 Huyai, amai. Makadini? Kana Mwari akandiudza dambudziko renyu, kana kuti zvamakaita, kana chimwe chinhu, zvingakuitai here kuti mutende? Munoziva kuti ndiri. . . ha—ha—handikuzivii. Ihwohwu hunhu hwaKe huchizviratidza mandiri, maererano neShoko raAkavimbisa. [Hanzvadzi inoti, “Ndiripo kungozvitenda.”—Mupepeti.] Munozvitenda here? [“Hongu. Ameni.”]

281 Muri mumwe, mune matambudziko anowanikwa pamudzimai wezera ramasvika, asi pfungwa yenyu chaiyo iri pamusoro pomumwe munhu. Chishuvo chenyu kuna Mwari; muri kutsvaga Mwari kwete nokuda kwenyu pachenyu, asi nokuda kwemumwe munhu, anova munhurume. Murume wenyu. Uye ane chirwere chemwoyo. Munotenda here kuti Ano. . . Mwari achaMupodza? Endai, muzvitende. Uye, sokutenda kwamaita, zvichava kwamuri saizvozvo.

282 Zvino, onai, kuparidza kwose uku, kweawa yandanga ndichiparidza. Icho, hazvinei kuti changa chiri chii, vanhu vatatu kana vana vatopfuura napano, iye zvino ndava kutotadza kumira pano. Munooona? Onai, ungano yose yava kuratidzika kuchena somukaka, muno makapoteredza. Maona? Jesu akati, “Simba rabuda kubva maNdiri.” Zvino kana mudzimai mumwe chete, nokuda kwokubata hanzu yaKe, zvakabuditsa simba kubva maAri, uye Iye ari Mwanakomana waMwari; ko kuzoti ini, mutadzi akaponeswa nenyasha dzaKe?

283 Akati, “Zvinhu zvandinoita nemi muchazviitawo. *Zvinopfuura* izvi nemi muchazviita.” Ndinoziva kuti muKing James munonzi, “zvikuru kupfuura.” Asi kana mukatora dudziro yopakutanga, inoti, “*Zvinopfuura* izvi muchazviita.”

Hapana waigona kuita zvikuru zvinopfuura. Wakamutsa vakafa, Wakamisa zvisikwa, uye akaita zvose. Asi Wakati, “*Zvinopfuura* izvi muchazviita, nokuti Ndinoenda kunaBaba.”

<sup>284</sup> “Nyika yose haingaNdioni; asi Imi Muchandiona, nokuti Ini. . .” Tarisai, “Ini,” ini—ini chisazitasingwi chinomiririra munhu. “Ndichange ndinemi, kunyange mamuri.” Zvino, haasi munhu. NdiKristu.

<sup>285</sup> Ndiri kureva izvi, kuitira kuti ndizvizunze zvisihoma, kuti nditi bengenuke zvakare. Unosvika padanho rokuti mushure menguva. . . Hazviitiki uchiri kumusoro *uko*, kana zasi *kuno*; zviri pakati nepakati. Vangani vanozvinzwisisa izvo? Ndinoziva kuti mu—munofunga kuti munozvinzwisisa. Neniwo, zvakare.

<sup>286</sup> Maimboziva here kuti vadetembi nevaporofita vanhu vanongohuta-huta nguva dzose? Vangani vanozviziva izvi?

<sup>287</sup> Vangani vakamboveenga nezvaWilliam Cowper, mudetembi mukuru weChirungu? Munoziva, wakanyora, “Pane tsime rizere neRopa, rakatorwa kubva mutsinga dzaImanueri.” Mushure mokunyora rwiyo urwo, makanzwa here zvakaitika kwaari? Ndakamira pedyo neguva rake nguva shoma yapfuura. Wakaedza kuzviuraya, ndokuzvinyudza murwizi.

<sup>288</sup> Vangani vakambonzwa nezvaStephen Foster, wakapa America nziyo dzakanakisisa? Waiva nadzo mumusoro asi kwete mumwoyo. Nguva yose kufemera pakwaimurova, wainyora rwiyo. Asi zvino kufemera pakwaimusiya, haaizoziva kuti iye oita sei, uye aibva arasika. Wa—wa—wakanga ave kudhakwa. Zvino pakupedzisira paakange obuda pasi pokufemera uku, wakadana muranda, akatora reza ndokuzviuraya. Ndizvozvo.

<sup>289</sup> Tarisai panaEriya, muporofita. Wakaenda ikoko ndokudana moto kubva kudenga; akanayisa mvura kubva kudenga pazuva rokutanga; nokuvhara matenga uye akaita zvose izvozvo. Zvino kufemera pakwakabva paari, wakaenda murenje achida kuti afe. Uye Mwari akamuwanako, mushure memazuva makumi mana, akahwanda mubako. Ndizvozvo here?

<sup>290</sup> Tarisai Jona, muporofita. Mushure mokupa mharidzo yake, wakakwira akandogara pachikomo, ndokukumbira Mwari kuti afe. Uh-huh. “Regai muranda wenyu achienda murugare.”

<sup>291</sup> Vanhu havazvinzwisisi. Kwete, kwete, haungagoni. Kana neni handigoni kuzvitsanangura, kana mumwewo munhu. Haungagoni kutsanangura Mwari. Mwari haazikanwi nokutsvagurudza kwesainzi. Mwari anozivikanwa nokutenda. TinoMutenda. Ungatsanangura sei? Zvingava sei zvokutenda, kana zvadaro? Tinoziva Mwari nokutenda.

<sup>292</sup> Chechi haizombofi yakaziva basa guru nokuneta, nokushingaira nokuedzwa, kwakaedza kuIunza, Mharidzo. Iye anoziva. Mubairo wangu haubvi kuvanhu.

293 Tarisai kuno, amai. Hongu, nokukurumidza. Mudzimai uyu ane mumvuri worufu. Mwari akasauya pamudzimai izvozvi, ndiri kuzviona. . . Hamusi kuona here rima rakamupoterredza? Achafa, sekuvapo kuri nyika ino. Pano nguva shoma yapfuura, vakatora mufananidzo wechinhu chakafanana naizvozvi, uye ndinawo kumba. Mudzimai uyu ane mumvuri mutema wakarembere pedyo naye. Ane mumvuri worufu.

294 Mudzimai muduku uyu wakavhiyiwa. Uye pakuvhiya apa, vakavhiya nokuda kwekenza. Zvino ane matambudziko, nemhando dzo—dzose, zvino, dzezvinonetsa. Chimwe chinhu, hauna simba zvokuti haugoni kumira. Chimwe chinhu zvakare, kubva mudundira rako munobuda hurwa. Zvino, kungoitira kuti uone kuti handisi kungotaura hangu chimwe chinhu. Waona? Ndizvozvo chaizvo. Asika, mudzimai, chiremba wakaedza. Ndinomurumbidza nokuda kwaizvozvo. Asi, iye wakagadziridza, asi kupodzwa ndiMwari. Uchafa wakangodaro. Iye akaita zvose zvaaigna kuita. Unotenda here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Uya pano, kweminiti.

295 Nekutumwa kwangu kwandakapiwa naMwari Samasimba, kukapupurirwa kwandiri neMutumwa, aripo pano zvino muchimiro cheShongwe yoMoto, ndinotuka dhimoni iri riri kutora upenyu hwomudzimai uyu. MuZita raJesu Kristu. Amen.

Enda, uchitenda zvino. Nezvose zviri mauri, tenda.

296 Une dambudziko rinouraya vanhu vakawanda kupfuura zvimwe zvose, chirwere chomwoyo. Vanoti ndicho chirwere chokutanga pane zvose, asi hachisi, changamire. Chivi ndicho chirwere chokutanga pakutenda. Unotenda here kuti Iye anokwanisa kupodza mwoyo uyo nokukupapa utano? [Hama inoti, “Ndinoziva kuti Anogona.”—Mupepeti.] Naizvozvo enda, uzvitende. Mwari vakuropafadze.

297 Unofunga kuti Mwari anogona kupodza musana wako nokukupapa hutano? Unozvitenda here nomwoyo wako wose? Enda, zvitende, hanzvadzi. Tarisisa zvichaitika kwauri, uchanzwa zviri nane.

298 Arthritis nechirwere chomwoyo. Asi unotenda kuti Mwari anogona kukupodza here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Nomwoyo wako wose here? [“Hongu, changamire.”] Unozvigamuchira here? [“Hongu, changamire.”] Sokutenda kwawaita, ndizvo zvazvichava kwauri. Zvino chienda, zvitende nomwoyo wako wose, zvino Mwari uchakupodza.

299 Newewo une dambudziko remusana. Unotenda kuti Jesu Kristu anogona kukupodza here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Enda zvino, zvitende nomwoyo wako wose. Ini handigoni kukupodza, wazviona.

300 Prostate, kuhuta-huta, uyewo une arthritis. Unotenda here kuti Mwari anogona kukupodza, kukupodza iwe? Unozvigamuchira here? Enda, uye zvitende, zvino.

301 Kunokuita kuti ugare wakasvinura nguva dzakawanda, kukosora. Asi Mwari anopodza asima. Unozvitenda here izvozvo? [Hama inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Unotenda here kuti Anokupodza iye zvino? [“Hongu, changamire.”] Mwari akuropafadze. Ndinokutenda, nokuda kwokutenda kwako.

302 Ko dai ndairega kutaure kana shoko rimwe kwauri, ndongoisa mavoko angu pamusoro pako, waitenda here? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Huya pano. Ndinoisa mavoko angu pamusoro pako, muZita raJesu Kristu, uye dai arthritis yabva pauri. Inotobva.

303 Huya. Huya, hanzvadzi. Unotenda here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire. Kare ndakambopodzwa naShe.”—Mupepeti.] Zvakanaka, zvinoshamisa izvi. [“Hareruya!”] Naizvozvo enda undodya kudya kwako kwamanheru, mudumbu mako muchange maita zvakanaka. [“Hareruya! Hareruya! Hareruya!”]

304 Musana unorwadza zvakananyanya, wanga uchikunetsa kwenguva refu. Enda, uchitenda kuti wa... Enda, uchitenda kuti uchapora, uye Mwari uchakuitira izvozvo. [Hama inoti, “Mwari wakatozviita. Amenii.”—Mupepeti.] Amenii. Ndizvozvo. [“Ishe ngaarumbidzwe.”] Ishe ngaakuropafadze, hama. Amenii.

305 Chirwere cheshuga hachisi chinhu, kuti Mwari apodze. Anogona kuvapodza. Iwe unozvitenda here? [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Zvigamuchire, uende uchiMutenda nomwoyo wako wose.

306 Newevo unayo muropa rako. Unotenda here kuti Mwari unokupodza? Enda, uchizvitenda nomwoyo wako wose, ugopora.

307 Unotenda kuti Wakakupodza here pazvakakurova? Akatozviita.

308 Chirwere chamadzimai. Chirwere chomwoyo. Unozvitenda here? [Hanzvadzi inoti, “Ndinozvitenda.”—Mupepeti.] Enda, po—podzwa muZita raJesu.

309 Unotenda kuti Mwari achapodza musana wako, itsvo dzako dzicha... Ropafadzwa! Ramba uchingoenda mberi.

Ini handipodzi. Handigoni kupodza. Handisi mupodzi.

310 Chii chawafunga paAtaura pamusoro pomusana womurume uyu, unotenda here kuti wako waporawo, zvakare? Zvakanaka, chingoenda, uchizvitenda, zvarado... Ingoenda uchizvitenda, nomwoyo wako wose.



311 Newakowo zvakare, unotenda here kuti Mwari anokupodza? Enda, uzvitende, nomwoyo wako wose. Mwari achazvipa kwauri kana iwe . . . Unofanira kuzvitenda, saizvozvo.

312 Unotenda kuti Mwari achakupodza here, newewo? [Hanzvadzi inoti, “Ishe ngaarumbidzwe! Ndizvo zvandinotenda.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Mwari akuropafadze. Chingoramba uchifamba nokutenda nomwoyo wako wose.

313 Huyai, changamire. Donhwe jena riri kudonhera pasi. Kuongororwa kwaro kunozoratidza chirwere cheshuga. [Hama inoti, “Chirwere cheshuga.”—Mupepeti.] Unotenda kuti Anokupodza here? Ngatiendei kuKarivhari kuti tinopihwa rimwe ropa. Nokutenda, nomuZita raJesu Kristu, dai akapodzwa. Ameni. Mwari akuropafadze, hama. Tenda nomwoyo wako wose. Unotenda here? [“Zvamazvirokwazvo chaizvo.”]

314 Ko vamwe venyu vari muungano zvino? Munotenda here nemwoyo yenyu yose, kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? Munozvitenda here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

315 Ko imi muri kudunhu *iri*? Mudzimai muduku wakagara, wakanyatsonditarisa ari apo, ari kurwara nedambudziko remadzimai, unotenda here kuti Mwari achakupodza? Akapfeka bhachi duku reblue. Zvakanaka. Tenda zvino, Jesu Kristu anokupodza. Zviri nyore saizvozvo.

316 Mudzimai akagara kumashure kwako, ane vhudzi dema. Ati, “NdinoKutendai, Ishe.” Pane chamurova. Haana kuziva kuti Chii. Dambudziko redundira rakusiya, wakagara ipapo, kumashure kwemudzimai achangobva kupodzwa zvino. Kana ukatenda nomwoyo wako wose apo, mudzimai. Unotenda here? Zvakanaka, simudza ruvoko rwako kwako kana uchida kuzvigamuchira. Mwari anokupodza.

Ko kudivi iri zasi uku, pane arimo here *umu*?

317 Kumashure uko muungano, zvino nyatsoremekedzai. Musafamba. Munoono, zvirwere izvi zvinobva pane mumwe zvoenda pane mumwe.

318 Ko imi, changamire? Mutana uyu akagara pano muchigaro ichi? Munotenda here? Munotenda here kuti Mwari anogona kukupodzai? Arthritis, uye mune pahuro panorwadza. Munotenda here kuti Mwari anogona kupodza izvozvo? Munotenda? Zvakanaka, munogona kugamuchira zvamakumbira. “Kana mukatenda!”

319 Unofungei, mudzimai, wakagara pedyo nomurume uyu? Unotenda here, newevo? Unotenda here? Unotenda kuti Mwari anogona kunditudza kuti dambudziko rako chii? Uri kure chaizvo neni. IngoMutenda zvino. Unotenda kuti ndakutaurira Chokwadi here? Naizvozvo B.P. yako ichadzika. Unozvitenda here?

320 Wasimudza ruvoko rwako, newevo. Wanga uchiedza kumukurudzira. Unotenda here kuti Mwari anogona kundiudza chiri . . . Waita zvakaisvonaka kumudzimai uyu pawamubatsira, zvino Mwari uchakuitira zvakaisvonaka nokukubatsira. Une dambudziko repamweya ranga richingokunetsa. Kana zviri izvo, ninira ruvoko rwako *sezvizvi*. Riri kuzopera zvino. Anoripedza Iye.

321 Vangani vanotenda? Vangani venyu vacha- . . . vasiri Makristu, vano—vanonzwa kuti Jesu Kristu aripo pano, vanoda kusimuka zvino, vachiti, “Jesu, ndinoda kuzviratidza somutadzi, Mungandiregererewo here zvivi zvangu?” Simuka netsoka dzako. Mwari akuropafadze, changamire. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Ndizvo . . . Mwari akuropafadze iwe, newe, newe, newe. Izvi, Anokuona. Anonyora zita rako paunoita izvozvo.

322 Kuno uku kubharikoni, simuka, uti, “Ishe Jesu, ndinoda kuti, ndinoda kuti ndicherechedzwewo. Ndinoda tsitsi pamweya wangu.” Mwari akuropafadzei, changamire. “Ndinoda tsitsi, Ishe Jesu.”

323 Hauoni here, shamwari, kuti Ndiye ari pano? Mwari akuropafadze, mujaya mudiki. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze, chimhandara. Ndicho chinhu chikurusa chawati wamboita. Zvino mumwewo asati ambozviita, simuka, uti, “Ndinoda kucherechedzwa, Ishe Jesu. Ndiri kuzviratidza, usiku huno.”

324 “Uyo achareurura chivi chake, uchawana tsitsi. Uyo unoviga chivi chake, haangabudiriri.”

325 Haungadaro here, muHupo hwaKe? Mwari akuropafadze, mudzimai. Ndinoda . . . Mwari akuropafadze. Hongu. Uye Ishe akuropafadze. Mwari akuropafadzei, changamire. Mwari akuropafadze, mudzimai. Ishe akuropafadze.

326 Unoti, “Izvozvo zvine chazvinoreva here?” Zviri pakati poupenyu norufu, ndiyo siyano iripo.

327 Munocherechedza here Hupo hwaKe muno? Munohucherechedza here? Munohunzwa here? Maona, muri kuHuona, muri kuHuona huchishanda. Ndiye. Ndizvo chaizvo zvaAkati Achaita. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

328 Mumwezve anoti, “Ndinoda kuzviratidza somutadzi, Ishe. Ndiregerereiwo zvivi zvangu zvino.” Kana wakatomira nechekare, ingosimudza ruvoko rwako. Vamwe venyu vari kumadziro, simudzai . . . Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Mumwevo iti, kumusoro uko kumashure kwebharikoni, iti, “Ndinoda kuzviratidza, Ishe Jesu. Ndinokumbira tsitsi, usiku huno, ndiri muHupo hweNyu hwehuMwari, ndichitenda kuti, Mwari chaiye uchazonditonga,

Hupo hwaKe huri pano iye zvino. Anozviziva nokuti Iye ari kutaura nomwoyo wangu nokundiudza kuti ndiri kukanganisa. Ndinoda kusimuka ndichiti ndakakanganisa. Ndinoreurura kukanganisa kwangu. Muri kundipomera, mumwoyo mangu.” Ndicho chikonzero ndambomisa mutsetse wokunamatira. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze.

<sup>329</sup> Munofunga kuti ndamboumisirei? Ndaumisa nokuti ndanga ndichiziva kuti izvozvi zvanga zvichifanira kuitika.

<sup>330</sup> Zvino, pane vamwe pano, hamungasimukiwo here? Simukai muti Chimwe chinhu chiri kutaura nomwoyo wako, wakakanganisa. Mwari akuropafadze, changamire. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. “Ndakatadza. Ndiregerereiwo, Ishe. Ndiri kuzviratidza. Ndasimuka, Ishe, muHupo hweNyu. Ndinoziva kuti Muri pano. Ini. . . Imi munotofanira kuva pano. Makati ichi ndicho—ndicho chinhu chaMaizoita. Zvino ndi. . . ndaona chiratidzo, uye ndinoziva kuti zvatsanangurwa kwandiri kuti izvi ndizvo zvinofanira kuva chiratidzo chezuva rino. Ndanzwa Inzwi randidana kuti ndidzokere pakutendeuka. Ndiri pano, Ishe. Ndinotenda chiratidzo. Ndinonzwa Inzwi.”

<sup>331</sup> Inzwi richitaura newe zvino! Dzokai, O makapararira! Dzoka, O nyeredzi iri kutetereka! Dzoka, O iwe wakarairwa kunze! Dzoka, husiku huno!

<sup>332</sup> Haungadzoki here? Ingosimuka uti, “Ndinozviritidza somutadzi, ndichikumbira tsitsi.” Haungazviiti here, mumwewo zvakare? Mwari akuropafadzei, amai. Mwari akuropafadze, kumusoro uko, mwanakomana. Kana ndikasakuona, Iye haakupotsi. Mwari akuropafadzei, amai. Zvakaisvonaka izvi. Zvakaisvonaka izvi. Hapangavi nemumwewo zvakare here? Ingorambai. . . Ndinoda kumboramba ndiri pano kweimwe miniti, nokuti ndichiri kunzwa kamutoro pano, maona. Hapangavi nemumwewo zvakare here? Mwari akuropafadzei, mudzimai. Ndiyo nzira yokuzviita nayo. Ndizvozvo. Hapangavi nemumwewo zvakare here, “Ndinoda kuzviratidza, ndongozvisimudza uye ndoti ndakakanganisa. Ndiri kukumbira tsitsi”? Hamungazviiti here? Nokukurumidza tisati taenderera mberi, simuka uti, “Ndinoda kuzviratidza, Ishe Jesu.” Mwari akuropafadze, chimhandara.

<sup>333</sup> Munoziva, pamwe usati wasvika kumba, asi pane imwe nguva kana yakadaro pachauya mhute inotonhora pachiso chako. Dzimwe nguva mamwe mangwanani chiremba uchauya agobata kuti anzwe kupomba kweropa achitevedza ruvoko achikwidza, pasisina chimwe chichagona kuitwa. Ipapo uchanzwa masaisai anotonhora erufu achiuya pachiso chako. Ucharangarira zvakaita.

<sup>334</sup> Rangarirai, havangagoni kukuviga kwakanyanya kudzika, hapana chimwe chavangagona kuita kwauri. Mwari

wakavimbisa, “Ndichakumutsa zvakare, pazuva rokupedzisira.” Tarisai. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu nokutenda kuna Iye wakaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi uye haazosviki muKutongwa, asi wabva murufu waenda muHupenyu.” Mumwe munhu ngaadzime Izvi kana achigona. Jesu Kristu wakataura Izvozvo. “Uyo anotenda, kureva kuti, anonzwisisa Shoko raNgu nokutenda kuna Iye wakaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, haazombopindi muKutongwa, kupomerwa mhosva, asi wabva murufu wapinda muHupenyu.” Nokuti, wakatenda muMwanakomana waMwari mumwe chete oga, uyo Mwari akamutsa, zviuru zviviri zvakakore zvapfuura, uye mupenyu pano, usiku huno, achiratidza hunhu hwaKe hwokumuka kwaKe.

<sup>335</sup> Pangava here nomumwe asimuke, mushure mezvo, mumwe oti, “Ndinoda kuZvigamuchira. Ndinoda kuMugamuchira.” Mwari aropafadze. Mwari akuropafadze. Zvakaisvonaka, mudzimai muduku. Ndicho chinhu chinoremekedzwa. Ndinoda kuti mucherechedze.

<sup>336</sup> Ndakatarisisa kudanwa kwakaitwa kuaritari, pano imwe nguva yapfuura, vanhu vaiuya, vachitsenga chingamu, vachitorovana zvi bhakera parutivi.

<sup>337</sup> Asi macherechedza here kurevesa kuri pazviso zvevanhu ava? Iwo madzimai echidiki, kunyange mushure mokuvatsiura pamusoro pokugera vhudzi ravo, vachizvipenda-penda; nependi iyoyo yavakazora, nevhudzi rakagerwa, vasimuka zvakangodaro, “Ndiri mutadzi. Ndinzwirei tsitsi, Mwari.” Ndidzo Mbeu dzirimo uko. Chiedza chavheneka pamusoro payo, uye vanozviziva. Mwari akuropafadzei.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

<sup>338</sup> Ndinoda kuti mutendi wese ari muno, akamira pedyo nomunhu wasimuka, isa ruvoko rwako pamunhu iyeye, (ungaita izvozvo here?), uyo wasimuka. Vanga vakamira pedyo newe. Kana uri Mukristu, isa ruvoko rwako pamusoro, pehanzvadzi, hama, “Ndaisa ruvoko rwangu pamusoro pako zvino. Ndava kuchinamata.”

<sup>339</sup> Baba veKudenga, pane varipo pano manheru ano vano—vanotenda kwaMuri. “Dzimwe mbeu dzanowira panzira,” Imi makati, “shiri dzinouya dzichidzidya. Dzimwe dzanowira parukangarabwe, nepaminzwa nerukato. Asi dzimwe dzanowira muvhu rakanaka, rakaorera.” Uye Hupo hweNyu huri pano kudai, usiku huno, hwagutsa vazhinji pano usiku huno kuti Imi muri Mwanakomana waMwari, kuti Muri mupenyu nokusingaperi. Uye Makavimbisa, nokuti Munorarama, nesu tinogona kuraramawo.

<sup>340</sup> Ishe Jesu, vasimuka vakamira sezvapupu kuti vanotenda kwaMuri. Zvino, Ishe, ndinoziva kuti Muchavamiririra paZuva iro. Zviitei, Ishe. Ndinovapa kwaMuri, muZita raJesu Kristu.

Dai vakaenda kune imwe chechi yakanaka vabhabhatidzwe nerubhabhatidzo rweChikristu. Dai vakazvibanidza nerimwe boka revatendi rakanaka. Dai vakazadzwa noMweya Mutsvene. Ngavave mikombe yeEvhangeri, maparera mukorona yeNyu paZuva iro. Uye kana ndikasazovaonazve kudivi rino reZuva iro guru, regai ndivaone paZuva iro sezvazvakaita muchiratidzo, vachiti, “Hamuchandirangariri here? Kwaiva kuBaton Rouge, usiku huya, pandakasimuka.” Zviitei izvi, Baba. NdeveNyu, nomuZita raKristu.

<sup>341</sup> Pano, pamberi pangu, pane bhokisi remahengechepfu, tushangu tuduku, bhutsu, hengechepfu, nemachira, nemaapuroni. Tinodzidziswa, muBhaibheri, kuti vakatora kubva pamuviri waMutsvene Pauro, mahengechepfu nemaapuroni, mweya yakaipa ikadzingwa kubva muvanhu. Zvino, Baba, tinoziva kuti hatisi Mutsvene Pauro, asi Imi muchiri Mwari mumwe chete, saka ndinonamata kuti Imi mutipe zvibereko zvimwe chete, sokuperera kwechizvarwa ichi chichitenda. Havana kutenda Pauro nokuda kwokuti waiva Pauro; vakatenda Pauro nokuti Imi Makazviratidza muna Pauro. Zvino vanotenda chinhu chimwe chete husiku huno, Ishe, kuti Imi maratidzwa pakati pedu, husiku huno. Rimwe zuva, tinoti . . .

<sup>342</sup> Mumwe munyori wakatiudza, kuti, “Israeri yakanga iri munzira yayo yokuenda kunyika yechipikirwa, zvino Gungwa Dzvuku rakamira panzira yavo, kuti rivadzivirire kubva kunyika yechipikirwa.” Munyori akataura, kuti, “Mwari wakatarisa nemuShongwe yoMoto, nemaziso ane hashu, paYakafamba pamusoro peIsraeri. Yakapofomadza, rima kune asingatendi, nechiedza kuIsraeri. Uye zvino Gungwa Dzvuku iri parakamira munzira, rakatya, rikavhurika, uye Israeri ikayambuka kuenda kunyika yechipikirwa nepanyika yakaoma.”

<sup>343</sup> Ishe Mwari, tarisai pasi husiku huno, nomuRopa raJesu Kristu, Mwanakomana weNyu. Pandiri kuisa mavoko angu pamusoro pehengechepfu idzi; padzinoiswa pamusoro pavanorwara, dai Mweya Mutsvene, Ishe, watarisa pamunhu iyeye, uye dai chirwere chabva kwaari, uye dai vachiyambuka vakapinda munyika yehutano hwakanaka nesimba. Izvo, Bhaibheri rakati, “Pamusoro pezvinhu zvose,” ivo vaishuva kuti “tibudirire muhutano.” Tipei izvi, Ishe. Ndinozvitunga, nomuZita raJesu Kristu. Amen.

. . . ini ndichatevera,  
KwaAnonditungamirira . . . (ngatingoimbai)  
. . . ndichatevera,  
Ndichaenda naYe, (zvino Hupo hwaKe  
huri pano, ngatingomushumirai murwiyo,  
zvinotapira), nzira yose.

<sup>344</sup> Munogona here kurwuimba chaizvo sezvizvi?

KwaAnonditungamirira ndichatevera,  
 KwaAnonditungamirira ndichatevera,  
 KwaAnonditungamirira ndichatevera,  
 Ndichaenda (kana uchida, zvino simudza  
 ruvoko rwako), naYe nzira yose.

Ngatisimukei zvino, simudzai maoko enyu zvakare.

... naYe nomubindu,

<sup>345</sup> Munhu wose ngatiimbei tiri muMweya zvino. IMharidzo yanga ichicheka zvikuru. NgatiMushumirei tiri muHupo hwaKe. Anoda kushumirwa.

... bindu,  
 Ndichaenda naYe nomubindu,  
 Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

<sup>346</sup> Zvino ngatiimbei nemahon'era. "Ndinogona..." Zvino pauri kuita izvozo, ndinoda kuti ukwazise mumwe munhu, uchiti, "Mwari akuropafadze, mufambi. Mwari akuropafadze, mufambi," saizvozo. Tiri chinhu chimwe chete mumwe kune mumwe. MaMethodisti, nemaBaptisti, maPresbhatariyani, maPentecosta, tose ngatikwazisanei mumwe nomumwe. "Mwari akuropafadze, mufambi." Ndizvo zvatiri: vafambi.

... bindu,

<sup>347</sup> Mwari akuropafadze, mufambi. Mwari akuropafadze. [Hama Branham neungano vanoenderera mberi nokukwazisana. Chibenga patepi—Mupepeti.]

... bindu,

Zvino ngatisimudzei maoko enyu.

Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

<sup>348</sup> Ngatikotamisei misoro yedu, mukuzvininipisa, mumunamato. Musakanganwa, mangwanani, Sunday school.

<sup>349</sup> Neimwe nzira, ndiri kungonzwa Hupo hwaMwari huri mazvirokwazvo mumwoyo mangu. Zvakandiomera kwazvo kuti ndibve, husiku huno, neimwe nzira. Ndinonzwa kuti Mweya Mutsvene wafara, usiku huno. Pamwe tichava neshumiro huru mangwana, sezvo tichiona vanhu vadai kuuya kuna Kristu, munoona. Mumwe munhu wanetsekana kuti sei ndisina kumbodaidzira kuuya kuwartari. Ndinomirira kusvikira ndatungamirirwa kukuita. Maona?

<sup>350</sup> Ndinovimba kuti munhu wose wasimudza ruoko rwake, kana wasimuka, ndinovimba kuti uchaenda kune imwe chechi yakanaka mangwana, utore nzvimbo yako pakati pavatendi.

<sup>351</sup> Apo takakotamisa misoro yedu, ndava kukumbira mufundisi pano kuti auye mberi, kana achigona, kuti atiparadzandise. Mwari vakuropafadzei zvino, takakotamisa misoro yedu nemwoyo yedu pamberi paMwari.



*INZWI RE CHIRATIDZO* SHO64-0321E  
(The Voice Of The Sign)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, 21 Kurume, 1964, paDenham Springs High School muDenham Springs, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)